


NZVIMBO YAKAPUWA

NAMWARI YOKUNAMATIRA

 Ngatikotamisei misoro yedu zvishoma. Baba vedu vari kuDenga, tinotenda nomukana uyu wamatipa nhasi kuti tive muguta rino reLos Angeles, uye pakati paava, vatendi vaka... Vasanangurwa vakadanwa kubva munyika, vana vaMwari vakapatsanurwa, munguva ino inokosha yatiri kurarama mairi, tiri pasi petariro iyi huru yokuuya kwoMudiwa wedu, Ishe Jesu, panguva ipi zvayo. TinoKutendai nokuda kweizvi mumwoyo yedu, tichitenda kuti Achauya muchizvarwa chedu. Tiri kuMutarisira nhasi. Kana Akasauya nhasi, isu tiri vapenyu mangwana, tinenge tichiMutarisira mangwana.

² Mwari vanodikanwa, tinonamata kuti musangano uno uve uno—unokosha. Dai ikava nguva yokuti i—ive rekodhi yokufambira mberi kweChechi, kuti zvive muMabhuku eNyu okuSingaperi. Ropafadzai kushingaira kwedu kwose kwatinoita, Baba. Tinoziva kuti hatikwanisi zvachose kana tisina Imi, nokudaro tinofanira kuva neMi, Ishe, kana zvichikwanisika kuti tienderere mberi. Uye hatikumbiri izvi kuti tizviwanire mbiri. Tinokumbira izvi kuti Imi mugorumbidzwa. Nokuti ndicho chishuvo chomwoyo yedu, chokuona Jesu arumbidzwe ari muvanhu vaKe. Kusimbisa kutenda kwavo, Ishe, muzuva rino apo hondo yaoma, tauya kurumutsiriro rwuno, kuzvitsaura, kufefeterwa. Tinonamata kuti Muchatipa zvinhu zvose izvi, nokuti tazvikumbira muZita raJesu. Amen. (Mungagara pasi.)

³ Hama Shakarian, Hanzvadzi Wyatt, neshamwari dzaIshe wedu Jesu Kristu, ndinofara nokuda komukana uyu wokuva muLos Angeles zvakare, kuparidza pamusoro paJesu uyo watiri pano kudzidza zvakanakanda pamusoro paKe nhasi. Kana kushingaira kwedu...

⁴ [Mumwe munhu anotaura kuHama Branham pamusoro pemaikorofoni—Mupepeti.] Hongu, changamire. [Hapana chinonzikwa patepi]...mhando iyi. Iyi inyaya yakaoma. Nokuti, chinhu ichi chiri kuramba kushanda. [Vamwe vanopa zano rokuchuna maikorofoni.] Zvakanaka, haisi kuzoshanda yakadaro. [Hapana chinonzikwa patepi]...Hama Shakarian. Iko zvino zvinoita sezvava nani.

⁵ Ndiri munhu mudiki, ndine inzwi diki, asi ndine Mharidzo huru kubva kuna She. Ndinorwiswa zvikuru naSatani, kuti ndisaIparidza, asi ndichaiparidza zvakanakaro. Ndinotenda kuti iyi ichava vhiki inokosha kwatiri.

⁶ Ndanga ndakagara apo ndichifunga kuti inguva dzakawanda zvakadini apo Hama yedu mushakabvu Thomas Wyatt, pasina kupokana, vakaparidza papurupeti ino, muranda mukuru waKristu.

⁷ Ndaiziva Hama Wyatt. Vakanga vari kurudziro huru kwandiri pose pandakasangana navo nokutaura navo. Ndinorangarira, ndichiri muparidzi wechidiki, vaigara... bhuku ravo, rinonzi, *Wings Of Healing*. Ndinoda musoro waro uyu, *Wings Of Healing*.

⁸ Zvino tinofara kuva mutemberi ino yakapirwa kushandira Kristu. Mwari aropafadze chirikadzi yavo, nemi mose mu... Chokwadi, ndinoziva kuti munovashuvavo. Ndakashuva mharidzo dzavo. Pandakanzwa kuti vafa, ndi—ndinorangarira ndichinzwa inzwi ravo. Vakanga vava kuchembera, asi vaiva nenzwi rakanaka rakasimba, uye—uye vaiva nemharidzo kubva kuna Mwari. Zvino hupenyu hwavo huchiri kungorarama pano mamuri. Uye kwose kumamisheni kwavaindoparidza, nezvimwe zvakadaro nokumwe, Vhangeri ichiri kufambira mberi nokuda kwaThomas Wyatt. Mweya wavo ngauzorore murunyararo kusvika panguva yatichasangana navo kuNyika inobwinya kusina rufu kana kuchembera. Tiri pano kuenderera mberi kusvikira nguva yedu yakwana kana kuti pakumuka kukuru apo Jesu achauya kuzotitora tose.

⁹ Zvino ndinoziva kuti mune sevhisi pano, ndinofunga, manheru ano. Zvino ndaudzwa, nguva ichangopfuura, kuti—kuti mune sevhisi pano manheru ano, nokudaro ndichaedza kuchimbizika.

¹⁰ Nokuti, ndine manheru oMuvhuro, manheru eChipiri, manheru eChitatu, zvichidaro, vhiki ino, nokudaro ndinovimba kuti Ishe vachatiropafadza. Tichanamatira vanorwara. Tichaparidza Kristu, kana Achida, kana kuri kuda kwaKe, musimba raKe rose rokumuka kuvakafa raAchatitendera. Zvino zvose vaAchabvumira kuti zviitwe, izvozvo tinoda kuzviita nomwoyo yedu yose. Uye ndi—ndinoziva kuti Achatirofapadza kana tikangotenda kwaAri.

¹¹ Zvino tisati tavhura Shoko, kuti tiRiverenge, ndinoda kutaura naYe zvakare, tichikotamisa misoro yedu nokudzikama zvino, ndichivimba kuti nyonga-nyonga yapera. Tinoziva, maKristu ose anoziva, kuti muvengi, muvengu wedu, anoshanda mativi ose. Asi, maona, kana zvinhu zvakadai zvaitika, ingodzikamai. Mwari anoziva kuti chii. Maona, ingogari makadzikama, Anogona kunge anga achiita chimwe chinhu chamungadaro musingazivi pamusoro pachu iko zvino. Ngatitauri kwaAri.

¹² Baba, tinonamata iko zvino kuti Imi mudzikamise gungwa, Ishe Jesu samasimba auye achifamba muShoko raKe, achitisvitsa, mumaonero matsva, nesimba raKe nokuzviratidza.

Tinokumbira izvi, patichaverenga Shoko raKe, kuti dai Rikava benyu mumwoyo yedu nhasi, kuti tiMuzive, musimba rokumuka kwaKe. Tinozvikumbara muZita raJesu. Amenii.

¹³ Zvino ngativhure Bhuku raDheuteronomio. Ndinoda kuverenga ndima imwe, kana mbiri, kubva muBhuku raDheuteronomio, chitsauko 16 chaDheuteronomio.

Rangarira mwedzi weAbhibhi, novva Kubvumbi, udye paseka yaJEHOVHA Mwari wako nawo: nokuti nomwedzi weAbhibhi JEHOVHA Mwari wako wakakubudisa . . . panyika yeEgipita vusiku.

Unofanira kubayira JEHOVHA Mwari wako paseka, yamakwai nemombe, panzvimbo inotsaurwa naJEHOVHA Mwari wako . . . (ndino hurombo) . . . panzvimbo inotsaurwa naJEHOVHA Mwari wako kuti agarise zita rake'po.

Usadya chingwa chakaviriswa pamwe chete nayo; unofanira kuita mazuva manomwe uchidya chingwa chisina kuviriswa pamwe chete nayo, ndicho chingwa chokutambudzika; nokuti wakabuda panyika yeEgipita nokukurumidza: . . . kuti urangarire zuva rawakabuda naro . . . panyika yeEgipita mazuva ose oupenyu hwako.

Mazuva manomwe mbiriso haifaniri kutongovonekwa, panyika yako yose, panyika yako yose; uye . . . nyama, yaunobayira pazuva rokutanga madekwana, haifaniri kutongosara usiku hwise kusvikira mangwana.

Haufaniri kubayira paseka mukati merimwe ramasuvo ako . . . aunopiwa naJEHOVHA Mwari wako:

Asi panzvimbo ichatsaurwa naJEHOVHA Mwari wako kuti agarise zita rake'po, ndipo paunofanira kubayira paseka madekwana, kana zuva rovira, panguva yawakabuda nayo kuEgipita.

¹⁴ [Mwana anochema, muungano—Mupepeti.] Zvinoita sokunge tine dambudziko zvakare. Ndinotenda ndinokwanisa kudandizira kudarika izvozvo, maona. Maona?

¹⁵ Musoro wenyaya unoshamisa wandinoda kutaura nezvawo kwakanguva, masikati ano, pamusoro peizvi: *Nzvimbo Yakapuwa NaMwari Yokunamatira.*

¹⁶ Zvino, izvi hazviwanzoitiki. Asi sezvandakambotaura, nguva zhinji kumashure, kuti Mwari anowanzogara mumaitiro asingawanzoitwa, nzvimbo dzisingawanzosvikwa, achiita zvinhu zvisingawanzoitwa, nokuti haAjairiki. Ani nani anotenda kwaAri, anoita zvisingajairiki. Pane zvizhinji, zvinhu zvizhinji zvatingada kutaura pamusoro pokusajairika kwaKe. Asi ndinoziva kuti vose, vanoMuziva, vanoziva kuti haAjairiki, anoita zvinhu zvisingajairiki, dzimwe nguva

panguva dzisingajairiki. Nokudaro tinovimba kuti nhasi Mwari acharopafadza izvi, kuverengwa kweShoko uku, nenyaya yandasarudza kuti nditaure pamusoro payo kwamuri.

¹⁷ Zvino, chandinofunga kuti chakonzera dambudziko redu pano, ndeichi, vaisa matepi rekodha, ndokudzima magetsi omumaikorofoni. Nokudaro, kana vakatadza kugadzira, asi, muchangondinzwa henyu zvakadaro. Mwari anovhura nzeve dzedu kuti tikwanise kunzwa.

¹⁸ Chikonzero ndichida kutaura pamusoro penyaya iyi, zvakare inguva yakanaka yokuzviita, pamusangano weFull Gospel Businessman, ndechokuti machechi ose, kana kuti mazhinji awo, ane nhengo dzawo muboka rino, madhinominesheni akasiyana-siyana.

¹⁹ Zvino ndinoona, nguva zhinji, kuti vanhu pandinosangana navo mumugwagwa, munzira, nomundege, muzvitima, mumabhazi, ndinoti kwavari, “Uri muKristu here?”

²⁰ Mumwe wavo anoti, “E-e, ndiri muMethodist. Ndiri muBhaptist. Ndiri muPresbyterian. Ndiri muLutheran. MuPentekosti,” kana zvimwe zvakadaro. Uye vose... [Maikorofoni inoita ruzha—Mupepeti.]

²¹ Mumwe nomumwe ane dhinominesheni raanoda kumiririra. Zvino zvakanaka kwazvo kumiririrwa nedhinominesheni, asi, zvakadaro, chakaipa pazviri ndechokuti, mumwe nomumwe anofunga kuti boka iri ndiro chete boka richa—richaenda kuDenga, uye ndiro chete—ndiro chete rinomirira Mwari, kazhinji, rinenge riri boka romumwe munhu. Ndafunga kuti masikati ano inguva yakanaka yokujekesa izvi. [Ungano inoombera maoko—mupepeti.] Zvichida ndicho chikonzero Satani achiramba achikanganisa maikorofoni iyi. Munoziva, chinhu chose chinogadzirwa nomunhu chinokanganisika, asi chinogadzirwa naMwari hachikanganisiki. Nokudaro iri nguva yakanaka yokuzviita, nenzvimbo yakanaka yokuzviita, saka, Mwari ngaatibatsire kuti, nyenasha dzaKe, tiedze kuita napatinokwanisa zvino kuparidza nezvazvo.

²² Zvino nyaya iyi, inobva muBhuku raDheuteronomio. Ndinonzwisisa kuti Dheuteronomio...sezvandine mamwe Magwaro nezvimwe zvakananyorwa pano apa.

²³ Ndaisimbokurumidza kwazvo kuafunga, asi kubva pandakadarika makore makumi maviri namashanu, kechipiri, zvinoita sokundiomera kuti ndiarangarire ose. Nokudaro, ndinopinda mumba ndonamata. Zvino sezvaAnondipa Magwaro, ndinoanyora pasi, uye ndichinyora apa neapo, ndichidaro, kuita kuti pfungwa dzirambe dzichishanda nenzira yazvanga zvakaite paAzvipa kwandiri.

²⁴ *Dheuteronomio* inzwi rechiGiriki rinoreva “mirairo miviri,” inzwi rokuti Dheuteronomio. Uye Mwari ane mirairo miviri.

²⁵ Mumwe wacho murairo worufu, kuna asingatereri Shoko raKe. Tinoona kuti, Evha paasina kuterera Shoko raKe, zvakaunza rufu. Ndiwo mumwe wemirairo yaKe, “Zuva ramunodya muchero uyu, zuva iroro muchafa.”

²⁶ Uye zvakare Ano mumwe murairo, unova murairo woHupenyu, pakuterera, kana usingaiti zvinhu zvakadaro. Zvino, ukachengeta Shoko raKe, unorarama.

²⁷ Zvinoperera pazvinhu zviviri, pamafungiro angu, zvinoti, kuchengeta Shoko raKe kana kuti kusaterera Shoko raKe.

²⁸ Mumwe wemirairo iyi wakapiwa paGomo reSinai. Uye mumwe waiva...Ndiwo murairo worufu. Mumwe murairo wakapiwa paGomo reKarivhari, ndipo pakapiwa murairo woUpenyu, nomuna Kristu Jesu.

Iyevo ane sungano mbiri.

²⁹ Akaita sungano naAdhama, munhu wokutanga panyika. Zvino sungano iyi yaiva nezvirango, “Kana ukaita *izvi* neizvi, Ndinota *izvi* neizvi.” Adhama akanga aine chokuita kuti sungano iyi ichengetedzwe iri mhenyu pamberi paMwari. Aifanira kufamba munzira dzaMwari, achichengeta Shoko raKe rose, asingadariki Shoko rimwe.

³⁰ Asizve Akaita imwe sungano, iyi akaita naAbhurahama. Sungano iyi yakanga isina zvirango, asi yaiva yakasununguka. Mwari akapa sungano kuna Abhurahama, pasina zvirango, zvachose. Yakasununguka! Kwete, “Ndichadai.” “Ndatoita! Ndatozviita.”

³¹ Zvino ndiwo murairo unofanira kuraramwa nawo namaKristu. Hazvisi zvatinoita pachedu, asi kuti zvaAkatiitira. Kristu wakatobaiwa kare. Kwete, “Achabaiwa.” Akatobaiwa! Chinhu chakatopera. Akararama, akafa, akamuka zvakare, akakwira kuDenga, akadzoka muchimiro choMweya Mutsvene. Saka, ibasa rakapedzwa, naMwari. Kristu, asingazivi chivi, akava chivi changu; kuti ndigomira panzvimbo yaKe, Akatora nzvimbo yangu. Ndaiva maAri, paKarivhari, paAkafa. Ipapo ndinofanira kufa naYe, kuti ndirarame. Nokuti murairo wechivi norufu uri mumuviri, unofanira kufa, kuti uyananiswe naYe.

³² Asi zvino tina manzwi ose awa atingashandisa, zvidzidzo zvikuru izvi, zvizhinji zvacho zvatinoziva, nemienzaniso mikuru yeGwaro. Asi, masikati ano, takatarisana neizvi, kuti, pamberi peizvi zvose, Achiri kungoti pane nzvimbo imwe bedzi yaAnosangana newe, kunyange tine dzidziso dzedu dzakasiyana. Takava nechinamato chamaJudha. Takava nechiMohamedhi. Takava...Tine mhando dzose dzezvitendwa namadhinominesheni, machechi, nezvimwe, asi zvakadaro Mwari akati pane nzvimbo imwe chete yaanosangana newe. Nzvimbo dzose idzi, mumwe nomumwe anoti, “Anosangana nechechi yangu. Uye kana usiri wechechi yangu, Ha—Haasangani newe. Iwe, unofanira kuva muboka iri kana kuti

Iye—kana kuti Iye haAzosangani newe imomo. Kana kuti, haAsangani newe papi zvapo asi apo, ndingadaro.”

³³ Zvino tinoona pano kuti Ane nzvimbo imwe, nzvimbo imwe chete bedzi. “Muchabayira chipiriso panzvimbo iyo Jehovha Mwari wenyu yaachasarudza.” Zvino Ane nzvimbo yaakasarudza paAnosangana navana vanonamata, uye havaifanira kubayira kupi zvako asi panzvimbo iyoyo. Pamwe pose hapaiti. Aiva nenzvimbo imwe yaAisangana navo. Uye nzvimbo imwe, bedzi, ndipo paAnosangana nomunamati.

³⁴ Zvino, kana chiri chokwadi, tinofanira kungwarira zvikuru kuti tiwane nzvimbo iyoyo. Ndinofunga zvakafanira kwazvo kwatiri, kuti, savanhu vanoziva kuti tiri kufa, tichirarama murudzi runofa, tichirarama muchizvarwa chinofa, tichirarama murudzi runofa, pasi pomureza worufu.

³⁵ Zvino nyika ino inofanira kuguma munguva shoma. Haigoni kuenderera mberi kwenguva refu. Zvivi zvanyanya kuipa. Haisisina tariro. Hapasisina tariro kunyika. Yapfuura apa.

³⁶ Ndinotenda Mweya Mutsvene uri kukohwa muminda, uchitora *uyu nouyo*, nokuti nguva yaperera chose. Vhangeri rakaparidzwa kundudzi dzose. Zvinamato nezvimwe zvakaRitevera, asi zvakadaro Vhangeri rakaenderera mberi saizvozvo.

³⁷ Uye zvino, panguva yokuguma, tinoona zvinhu maitikire azvo, pane yambiro huru pakati pavanhu vaMwari vakasanangurwa, kuti vazive kuti chokwadi ndechipi. Uye tinofanirwa kuziva izvozvo. Zvino, kwete pfungwa yomumwe munhu, asi kuziva kuti Chokwadi ndechipi, chinotaurwa neBhaibheri ndicho Chokwadi. Nokuti, rimwe ramazuva ano, kwatiri, ndiro richava rokupedzisira zvino nhasi ringadaro ririro zuva racho, naizvozvo ngatinyatsofunga pane zvakataurwa naMwari.

³⁸ Rangarirai, kana Mwari ataura Shoko, haAdzokeri kumashure. Anoramba ari zvaari. Haagoni kutaura chimwe chinhu, ozoti, “Zvakanaka, nda—ndanga ndisinganyatsorevi izvozu.” Maona, haAna magumo. Anoziva zvakakwana, kubvira pakutanga. Tinotaura zvinhu zvatinfunga kuti ndizvo zvakakanaka, zvino mushure tozoti handizvo. Asi Mwari haagoni kuita izvozvo, agoramba ari Mwari. Nokudaro kana asina magumo, Ha—Haadaro, nokuti Akakwana paShoko rose. Haatauri Shoko risiri Rokusingaperi. ZvaKe zvose zvisina Magumo Aiva nazvo pamavambo, pfungwa dzaKe, hunhu hwaKe, uye zviru kuzviratidza munyika nhasi.

³⁹ Zvino, rangarirai, Ane nzvimbo yaakapa, nzvimbo imwe bedzi paAnosangana navana vanotenda. Pamwevo zvapo hapaiti.

⁴⁰ Rangarira, Jesu wakati, paAiva pano panyika, achitaura neboka ravanhu vainamata chose, vakanaka kwazvo, vaiva

netsika dzakanaka, vanhu vaishingaira zvikuru, kuna Mwari, asi Jesu akati kwavari, “MunoNdinamata pasina,” muchidzidzisa seDzidziso tsika dzavanhu. Rangarirai kuperera kwakanga kwakaita vanhu ava, uye kushingairira Mwari kwavaita. Ndinotenda kuti dai taiverenga vanhu vanopfuura vamwe mukushingaira zvikuru, vezuva rino kana vezuva iroro, taizoona kuti ivo vaishingaira zvikuru kukunda isu. Kutipfuura chaizvo! Kana touya pakuchengeta tsika nemirairo, nezvimwe, vairarama naizvozvo. Uye vaishingairira Mwari zvikuru, nokutenda kuna Mwari. Asi Jesu, Mwari akaitwa nyama pakati pedu, akati, “MunoNdinamata pasina.” Zvino, haAna kuti havaMunamati. VaiMunamata, asi pasina.

⁴¹ Nokudaro chose chisina maturo hachi-, hachina basa, hapana zvachinobatsira. Hatitofaniri kuchiiita, nokuti tiri kungopedza nguva yedu. Tiri kupedza mweya yedu, tiri kupedza simba redu, dakara tava kuziva zvatiri kuita.

⁴² Chokwadi, kana Mwari achitarisira kuti vanhu vave vakakwana, saJesu akati, “Naizvozvo ivai vakakwana saBaba venyu vari kuDenga vakakwana,” panofanira kuva nokugadzirira kunoitwa. Uye Akati, “Ndichasarudza nzvimbo yokuti vanhu vaNdinamate. Hapana imwe nzvimbo yaNdinosangana navo.” Uye, zvino, panofanira kuva nenzvimbo iyoyo, saka tinofanira kuitsvaga. Tione kuti iri kupi, toenda ikoko. Zvino ndinofunga tinofanira kuendako, nokukurumidza, kana taiwana nzvimbo iyo, tosiya zvimwe zvose.

⁴³ Zvino, rangarira, Jesu akati muGwaro irori randiri kutaura. Tsika dzavanhu zvino hadzina muturo. Hatifaniri kuva nechokuita nadzo. Panofanira kuvapo, pamwe, pane imwe nzvimbo paAkatipa, patinofanira kuuya kuti kunamata kugashirwe. Zvino, rangarira, kunze kwenzvimbo iyo yakasanangurwa, hazvinei kuti wakaperera sei, kana zviri pachokwadi zvakadini, uchiri kunamata pasina.

⁴⁴ Ndinoziva kuti izvi zvinoita sokuomesa. Asi, imba yava kuda kupera kuvakwa, hatidi kuti ive inozunguzika. Ngatiisimbise neVhangeri, zvokuti kana mukasangana navanhu mumugwagwa, kana kupi zvako, imi maKristu, muzova nemhinduro yokuvapa.

⁴⁵ Munguva yavari kuti, “O-o, *izvi* ndizvo Zviya. Uye ndakaona *ava* vachiita izvi, *neavo* vachiita izvo.” Chokwadi, zvinhu zvose izvi zvinofanira kuitika. Asi pane nzvimbo yakapiwa naMwari pachake, uye ipapo ndipo panosangana munamati naMwari, poga.

⁴⁶ Cherechedzai ndima yepiri, “Namatai muri munzvimbo yandakasarudza.” Chii chakasarudzwa? Munzvimbo iyi zvinoratidza kuti Ane nzvimbo iyo vanhu vose vanomunamata. Dzimwe nzvimbo dzose hadzina maturo. “Uye munzvimbo iyoyi,” Akati, Ndakasarudza zvakare kuisa Zita raNgu

munzvimbo iyi. Ndichasarudza nzvimbo, uye Ndichaisa Zita raNgu mairi, munzvimbo iyi yaari kuzonamatwa.”

⁴⁷ Zvino, izvi zvinoratidza kuti pane nzvimbo imwe chete, imwe bedzi. Kunofanira kunge kuri kusarudza kwaMwari; kwete kwedu. Hatina sarudzo yatinoita; Akatozvisarudza kare. Zvino, chinosarudzwa naMwari chakakwana. Ndinokwanisa kusarudza chakaipa, unokwanisa kusarudza chakaipa, asi Mwari haangadaro. Anosarudza zvakanaka. Uyeka, iye, Ndiye anonamatwa. Uye Ane nzvimbo yaAnoda kusangana navanamati vaKe, uye tinofanira kusangana naYe ipapo. Ndiyo nzvimbo yoga yaAnogara; nzvimbo chete yaAnokwanisa kukunzwa ari.

⁴⁸ Ngaticherechedzei pano, zvakare, “Nzvimbo yandasarudza kuti mundinamate muri, Ndichaisa Zita raNgu munzvimbo iyoyo.”

⁴⁹ O, zvino ngatitsvakei muMagwaro nzvimbo iyoyo maAkaisa Zita raKe. Zvino tine mimvuri nemifananidzo, muBhaibheri rose, tinozviziva izvozvo, nzvimbo dzakasiyana paAkasangana navanhu, asi handiyo nzvimbo yaAchasangana navo nhasi. Nokuti zvaingofanopa mumvuri wechimwe chinhu, zvichiuya kunzvimbo chaiyo paAnosangana navanhu, nzvimbo, Chechi yaAri kuzosanganira mairi. Uye pane nzvimbo, pane Chechi, iyo Mwari akavimbisa kuzosangana navanhu nokupindura minamoto yavo, kana vakauya bedzi panzvimbo iyoyo vakaMunamata.

⁵⁰ Zvino tinoona kuti pana vazhinji vanoti ivo—ivo vane nzvimbo, Zita raMwari riri munzvimbo yavo. Asi, munoona, *ndivo* vanoisa Zita raMwari imomo. Pano mutsauko mukuru pakuti Mwari aise Zita raKe imomo, nomumwe munhu achiisa, Zita raKemo. Maona? Tinofanira kurangarira kuti Mwari akati, Achariisa. “Ndaisa Zita raNgu. Ndichaisa Zita raNgu panzvimbo ino. Uye ndiyo nzvimbo yandasarudza, uye yandakasarudza, kuti vanhu vanamatepo.”

⁵¹ Izvi, zvatisvitsa zvino pakuona mimvuri yenguva, zvichititsvitsa pakuona Kristu. Testamente Yekare yose yaiva mumvuri waJesu. MuEgipita, usiku huya pavaifanira ku—kuuraya gwayana repaseka kuti ridzivirire vanhu, tinoona kuti Mwari aiva nenzvimbo imwe chete, chirango chimwe chete. Hazvinei kuti waiva mudiki sei, kana kuti muprista akanga akura sei, kana mufundisi, kana angava ani zvake, waifanira kuva panzvimbo iyoyi. Vose vaiva kunze kwayo vaiparadzwa. Waifanira kuva panzvimbo iyoyi, nzvimbo yaAkapa.

⁵² Zvino, tingapedza nguva huru, masikati ano, mukutsanangura izvi, kunongova kudzokorora zvatinoziva kare, kuti Kristu akafananidzirwa mumimvuri sei. Gwayana rechipiriso, kuti raifanira kuchengetwa sei, rume risina gwapa, uye kuti raifanira kuurawa navakuru, uye kuti ropa raifanira

kusaswa sei pamukova, yose iri mimvuri yokuuya kwaKristu. Uye pasi peropa iri rakadeurwa ndiyo nzvimbo iyo Mwari aisangana nomunamati, mutumwa woRufu paakapfuura nomunyika.

⁵³ Ndinotenda kuti takagadzirira kubuda muEgipita, rimwe ramazuva ano, nokupinda muNyika yevimbiso iyi. Zvino yava nguva yokuti tiende panzvimbo chaiyo, uye tisiye kukakavara kokuti, “Ndiri muPresbyterian. Ndiri muMethodist. Ndiri muBhaptist. Ndiri *izvi*. Ndiri *izvo*, kana *zvimwe*.” Budai mazviri, mutsvake kuti nzvimbo iyi iri papi, nokuti kuno rufu kwose kwose kunze kwenzvimbo yaKe yaakasaruza. Rufu rucharova zvechokwadi sokuona kwatinoita nyika, kana tisiri munzvimbo yaKe yaakasaruza. Asi paAnosaruza, rufu harukwanisi kusvika.

⁵⁴ Kana mukacherechedza gwayana rechipiriso, rufu rwakanga rwatosvika kare. Rufu rwakanga rwatosvika panzvimbo iyi nokuti gwayana rakanga rafa. Rufu rwakanga rwatosvika. Nokudaro rufu parwakasvika, ndipo pakanzi naMwari ichava nzvimbo yaKe. Zvino, Iye achionekwa, tinoona kuti gwayana rechipiriso raiva chii, kuti nzvimbo yoHupenyu yakanga iri ipi panguva iyoyo.

⁵⁵ Zvino, kwandiri, zvinopedza nharo dzose. Kristu achionekwa, ariye Gwayana rechipiriso, zvino izvi zvinobvisa madhinominesheni ose, zvitendwa zvose, dzidziso dzose dzavanhu, zvamachechi zvose. Zvinodzima zvose izvi. Ndizvozvvo, nokuti tinoona, pano, Iye achionekwa, nokuti ndiYe Shoko raMwari rakachena risina kusvibiswa. Johane chitsauko 1, inoti, “Pakutanga kwaiva neShoko, Shoko rakanga riri kuna naMwari, uye Shoko rakanga riri Mwari. Uye Shoko rakazova nyama rikagara pakati pedu.” Nokudaro ndiYe Shoko raMwari risina kusvibiswa rakaitwa nyama, rikaratidzwa.

⁵⁶ Uye izvi zviri pachena, hatigoni kuzviisa pachechi ipi zvayo iri munyika nhasi, dhinominesheni ripi zvaro. Nzvimbo yose yakadaro, hatigoni kuzviisa ipapo, nokuti hazvina kudaro. Tinoisa Zita raKristu padzimba dzakavakwa, todzidaidza kuti machechi “aKristu,” *neizvi*, *izvo*, kana *zvimwe*. Hazviiti kuti zvive saizvozvvo. Hazviiti, zvachose. Asi kana Mwari aisa Zita raKe pachinhu, ndizvo zvinoita.

⁵⁷ Zvino, hamuna chinhu muBhaibheri chingafananidzira masangano edu anhasi, kusiya kweBhabhironi. Ndiwo chete mufananidzo uri muBhaibheri wesangano redu ranhasi, sangano rokunamata kwakarongwa, nokuti rakatangwa naNimirodhi achiita zvokumanikidza kubatana pakati pavanhu vainamata. Uye ndizvo zvinoita zvitendwa namadhinominesheni edu nhasi, kubatana kokumanikidzira, “Unofanira kuva nhengo yeizvi kana kuti uri kunze!” Zvino tiri kusvika, sezvati kuona, pakumanikidzirwa kwavose mukubatana kukuru kwazvo. Asi

izvi kuronga kwepfungwa dzavanhu, uye hazvimiri. Hakuzi kuda kwaMwari. Hahuzi hurongwa hwaMwari, zvisinei kuti vanhu vangaedza kuti ndizvo. Hazvisi. Hazvikwanisi kuva. Hazvikwanisi kuti zvive. Mwari haangaisi Zita raKe pachinhu chakaita saichocho chinoramba Shoko raKe. Mwari angagara sei pachinhu chinoramba Shoko raKe Chairi? Haukwani kuita izvozvo.

⁵⁸ Zvino tinoona kuti, hazvinei neimwe chechi, Methodist, Bhaptist, Presbyterian, Pentekosti, Katorike, Greek Orthodox, kana ingava ipi zvayo. Haisi nzvimbo yaMwari yokunamatira, kwete.

⁵⁹ Zvino regai Mwari, Akaita vimbiso iyi, auye kuzoratidza, kuti ndizvo. Ndiyo nzira yokuzviita nayo. Kana Achiri Mwari, Achiri Mwari! Kana Akambova Mwari, Anoramba ari Mwari!

⁶⁰ Zvino tinoona zvinamato zvakumanikidzira izvi, zvichiratidzwa zvino, kuti zviunze mapoka ose madiki “mumubatanidzwa mumwe mukuru,” samataurire avo. Vamwe vavo vanotenda *izvi*, uye vamwe vanotenda *izvo*; uye vamwe vanoramba *izvi*, vamwe vachiramba *izvo*. Bhaibheri rakati, “Vaviri vangafamba vose sei vasingatenderani?” Hazvifi zvakashanda.

⁶¹ Tinofanira kunge tichibvumirana. Uye chii kubvumirana nechii? Kwete kubvumirana pakati pedu, tinofanira kuva nokubvumirana neShoko, naMwari. Ndizvo zvatnofanira kubvumirana nazvo.

⁶² Zvino tinoona kuti kubatana kwokumanikidzira kwakamiririrwa namapoka avanhu paBhabhironi. Mwari haAngaisi Zita raKe muzvinhu zvakadaro. Haana kumbodaro uye haAzombodaro. Kunyange vakazviedza, vakaisa zita ravo mazviri, vakaisa Zita raKe mazviri, asi hazvina kudaro.

⁶³ Asi tinofanira kuwana paAkaisa Zita raKe, nokuti ndiyo nzvimbo uye nzvimbo chete yaAkapa maKristu kuti vauyepo, uye navana vanotenda, voMunamata munzvimbo iyi. Nzvimbo iyi ingava ipi?

⁶⁴ Zvino kuzvitsigira, tingatora Bhaibheri rose kutsigira zvandichataura. Nokuti, nzvimbo yaAkasarudza iri muna Kristu, muna Jesu Kristu. Iri maAri, Mwanakomana waKe; Mwanakomana waMwari, Jesu Kristu.

⁶⁵ “Zvakanaka,” woti iwe, “Ndanga ndichifunga kuti Gwaro rinoti pano Akati Acharudza nzvimbo, uye Achaisavo ‘Zita’ raKe panzvimbo iyoyo.”

⁶⁶ Zvakanaka, mwanakomana anoda zita rababa nguva dzose. Zita rangu ndiBranham nokuti baba vangu vaiva Branham.

⁶⁷ Zvino Jesu akati Iye akauya muZita raBaba vaKe. Johane 5 ndima 43, “Ndinouya muZita raBaba vaNgu imi hamuNdigamuchiri,” naizvozvo Mwari ndipo paAkaisa Zita

raKe, pasi pechiperiso choMwanakomana waKe Womene! Ndiyo yoga nzvimbo yakapuwa naMwari. Ndipo vanhu pavanogona kusangana naMwari, muna Kristu. Ndiyo nzvimbo yaKe yakapiwa. Haasi madhinominesheni, kana zvitendwa, kana imwe nzvimbo, iyo Mwari akavimbisa kusangana. Muna Jesu chete ndimo maAnosangana, nokuti ndiyo nzvimbo chete ine Zita raKe.

⁶⁸ Tinonzwazve Jesu, ndichitevera Gwaro, muna Johane, Johane chitsauko 5 ndima 43, Akati, “Mumwe achauya, muzita rake, iye muchamugamuchira.” Tinokwanisa kujoina zvitendwa, “mumwe,” tinokwanisa kujoina dhinominesheni, muchamugamuchira; asi kana magamuchira Jesu, zvasiyana. “Mumwe achauya, ‘Ahati ndiri muMethodist, ndiri muBhaptist, ndiri muPresbyterian,’ muchagamuchira izvi nyore. Asi Ndinouya muZita raBaba vaNgu, Ndichiita izvo zvakanzi naBaba Ndichaita, asi munoramba kuNdigamuchira.” Akati, “Johane akauya, uye aiva nechapupu chikuru, asi ndine chapupu chikuru muna Mwari—muna Mwari kupfuura zvakaitwa naJohane. Nokuti izvo zvaNdakapiwa naBaba kuti ndiite, ndinozviita,” Mashoko akanyorwa pamusoro paKe, zvaAnofanira kuva muzuva iroro. Nokuti Akanga ari . . .

⁶⁹ Zita raKe ndiMwari. Mwari ane madunhurirwa mazhinji. *Mwari* idunhurirwa, paCharo, ainzi Jehovha-jireh, Jehovha-rafa, Jehovha-manasa. Ainzi Ruva reSharon, Ruva roMumupata, Nyeredzi yaMangwanani; Arifa, Omega, Mavambo naMagumo; uyevo Baba, Mwanakomana, noMweya Mutsvene; ose madunhurirwa aya.

⁷⁰ Asi Zita raKe, Zita raMwari “ndiJesu Kristu,” Uyu Akazodzwa. Ndiro Zita raKe. Akanga aine madunhurirwa akawanda, asi Zita rimwe, rimwe chete, “Hakuna rimwe Zita pasi peDenga rakapiwa pakati pavanhu, ramungaponeswa nare.” Tinoona kuti izvi ichokwadi.

⁷¹ Uyezve yambiro iyi, yokuti, “Kana mumwe uyu auya, anouya muzita rake, ‘Methodist, Baptist, Presbyterian, Pentekosti,’ namamwe, muchamugashira. Muchabatana naye.” Asi Kristu unorambwa. Vanoramba Izvozvo.

⁷² Muprofiti akataura kudaro! Ngatitevedze zita rake zvishoma. Muprofiti akati, “Zita raKe richanzi ‘Emmanueri.’” Zvino, Isaya wakataura kudaro, muchitsauko 7. Uyevo muna Mateo 1 ndima 23, makanzi, “Izvi zvose zvakaitwa, kuti zvizadziswe zvakataurwa naShe nomuprofiti, zvichinzi, ‘Zita raKe richanzi *Emmanueri*, zvinoreva kuti “Mwari pakati pedu,”” kana zvichidudzirwa.

⁷³ Emmanueri, uye Zita raKe rainzi Jesu, Mwari pakati pedu, aine Zita raBaba vaKe. Akauya muZita raBaba vaKe. Ndipo pakaisa Mwari Zita raKe, muMwanakomana waKe. Ndiyo nzvimbo chete yaunokwanisa kuMunamata. Nzvimbo

chete Mwari yaangasangana newe, iri muMwanakomana uyu akafananidzirwa negwayana rechipiriso. Uye mose muTestamente Yakare, zvose zvairatidza mufananidzo wechinhu chimwe chete ichocho, nzvimbo imwe bedzi iyi, Mwari, oga, aisanganikwa naye pasi peropa rechipiriso. Nzvimbo chete yaAisanganikwa naye, nzvimbo chete yaAnosanganikwa naye nhasi; kwete muzita rezvitendwa, kana ramadhinominesheni, kana zita rechechi, kana zita reboka, kana zita resosaiti, asi muZita “raJesu Kristu”!

⁷⁴ Ndakaravira izvi ndiri jaya. Ndakanga ndambonzwa kazhinji nezvemudzimu, zvinova zvoWakaipa, maitiro aanoita zvinhu. Uye ndaiziva kuti kana kuna Mwari, kunofanira kuva noWakaipa, nokuti Bhaibheri rakataura kuti kuno Wakaipa. Zvino iye, ndakafunga...ndakanzwa nezvamasvikiro awa. Ndakaenda kuna vamwe vavo, ndikaona kuti ndovokunyepera, hapana zviripo, rinongova boka guru ravanhu vanokutenda kokuedzesera. Asi ndakaona kuti kuna vamwe vavo masvikiro chaiwo.

⁷⁵ Zvino ndakanga ndiri pane imwe kembi imwe nguva, apo mumwe mushumiri neni takaenda kundovaona. Vakanga vasimudza tafura kubva pasi, uye paine magirazi edoro pamusoro payo; ndokutora tafura iyi, vachiifambisa-fambisa. Uye gitare raibhururuka mukati memba; nembatya dzavanhu. Izvi ndozvaititika, muimba imomo. Akati, svikiro iri rakati, “Ndinopikisa ani nani kuti adonhesere tafura iyi pasi.”

⁷⁶ Varume vaviri vakati, “Tinoidonhesa.” Vakaibata makumbo seizvi, vakaedza kuidonhesa. Yakaramba. Zvakazoitika, tafura iyi yakavazunzira pasi.

⁷⁷ Musangogara chete. Kana usina kumbova mumishinari uye usina kumboparidza kunze uko, chinhu chaunoziva chete ipfungwa yokuti kuna Dhiabhorosi. Kana ukatarisa vamwe vavanhu vanofamba mumigwagwa, unogona kumuona. Asi Dhiabhorosi ariko! Zvechokwadi ariko.

⁷⁸ Zvino vanhu vanonamata Dhiabhorosi, havazivi zvavari kuita. Vanonamata Dhiabhorosi mumachechi, “Vachidzidzisa seDzidziso mirairo yavanhu, zvitendwa—zvitendwa netsika.” Ndakati...

⁷⁹ Mukadzi uyu akadanidzira, akati, “Ndakanzwa kuti uri muparidzi.”

Ndakati, “Ndizvo zvandiri.”

⁸⁰ Akati, “Zvino kana usinga...” Akati, “Unofungei nezvizvi?”

Ndakati, “NdiDhiabhorosi.”

⁸¹ Akanditi, “Zvakanaka, zvino, kana uine simba rakakura kudaro, wisira tafura iyi pasi.”

⁸² Ndakati, “Handina kana simba, zvachose. Handina simba, asi ndiri pano ndakamiririra Mumwe.”

⁸³ Ndakati, “Tenzi Jesu, Makati, muna Marko chitsauko 16, ‘Muzita raNgu vachadzinga mweya yakaipa.’” Ndakati, “Zvino, kuti muranda weNyu azive, sezvo hondo iyi iri pamberi pangu!”

⁸⁴ Ndakati, “Ndinoraira tafura iyi kuti idonhere pasi, muzita ‘reChechi tsvene,’” zvino yakaramba iripo. Ndakati, “Ndinoraira tafura iyi kuti idonhe apo, muzita ‘raBaba, neroMwanakomana, noMweya Mutsvene,’” yakaramba iripo. Ndakati, “Ndinoraira tafura iyi kuti idonhere pasi, muZita ra‘Jesu Kristu,’” zvino yakada kuita seichatyoka makumbo ose ari mana, ichidonhera pasi!

⁸⁵ “MuZita raNgu vachadzinga mweya yakaipa!” Ndiro zita raBaba. Vakaisa Zita raVo muna Jesu Kristu. Uye maAri Anosanganikwa naye, mukunamata. MaAri Anouya, kuzodzinga mweya yakaipa. MaAri Anouya, kuzoponesa vanorwara. MaAri Anouya, kuzoponesa. MaAri anouya, kuzoponesa, yokuzadza noMweya Mutsvene. Ndiyo chete nzvimbo yaMwari nokusangana navanhu kuti anamatwe. Zvino tinoona kuti Jesu akativo zvakare... Vara, Zita rokuti *Jesu*, rinoreva kuti “Jehovha-Muponesi,” Jehovha Muponesi.

⁸⁶ Rangarirai kuti, “Hamuchanamati Ishe...” Sei? Ndima 5, “Hamuchanamati Ishe pasuvo rose rose, iro ramakapiwa naShe Mwari. Pasuvo rose rose, hamuchaMunamati ipapo,” Mwari akati, mundima 5 pano, yaDheutoronomio 16. “HamuchaMunamati pasuvo rose rose zvaro, iro ramunopiwa naShe Mwari. Anokupai zvinhu izvi kuti zvive miedzo.” Tichapinda mazviri, vhiki ino, kana Ishe atendera, tigoona kana Mwari achishandura Shoko raKe, kana kwete. Cherechedzai, Akakupai masuvo awa, asi musanamata Mwari pasuvo rose rose, nokuti Ishe Mwari wenyu haasangani nemi ipapo.

⁸⁷ Asi Ishe Mwari vakasarudza suvo. Vakasarudza mukova. Jesu akati, muna Johane chitsauko 10, “Ndini mukova kudanga ramakwai. Ndini mukova iwoyo.” Ndiye Jehovha-Muponesi.

⁸⁸ Zvino tinogona kugara apa kwamaawa, tichitsanangura izvi. Asi ndine chokwadi chokuti munozvanzwisisa, namaitiro enyu, kuti mu—munodavira kuZvokwadi nokuShoko. Nokudaro hatichaendi mberi, munokwanisa kuzvitora nenzira ipi zvayo yamunoda. Ose matarisiro amungaita, kana chiri Chokwadi, chinoramba chichitsigirana chete neShoko rose. Haugoni kuita kuti Bhaibheri ritoure chimwe chinhu pane imwe nzvimbo, uye chimwe chakasiyana pane imwe, zvinopesana nezvaAkataura pakutanga. Zvinofanira kunge zvakafanana nguva dzose.

⁸⁹ Ndiri kusiya Magwaro akawanda pamusoro pazvo, nokuti ndiri kuona kuti nguva iri kupera. Uye hanzvadzi yedu navamwe vane sevhisu pano usiku huno, uye tinoda kunamatira

vanorwara. Ndizvozvo, ugoona, Billy, kuti vane makadhi okunamatirwa here.

⁹⁰ [Mumwe munhu anoti, “Hakuna sevhisi manheru ano.”—Mupepeti.] Hakuna sevhisi. Zvakanaka. Zvakanaka, zvakanaka. Zvose zvakanaka. Zvino ngatizvionei. Zvose zvakanaka. Zvose zvakanaka. [Ungano inofara] Tinovimba kuti Ishe vacharopafadza mudzimai uyu nokuda kwaizvozvo, kuita kuti tiwane nzvimbo ino, nokutipa nguva ino.

⁹¹ Pane zvakanawanda zvisingakundiki zvinoratidza kuti Jesu ndiye nzvimbo iyi. Ndiye suvo, Ndiye Zita, nenzira bedzi yakapiwa naMwari kuti munhu asangane naye mukunamata. Ndiye Nzira, Chokwadi, Hupenyu; Musuvo, Mukova; Arifa, Omega, Wokutanga noWokupedzisira; Ruva reSharon, Ruva romuMupata, Nyeredzi yaMangwanani; Arifa, naOmega. Ndiye zvose, zvinhu zvose zvaiswa pamwe chete. Ndiye zvose Mudzi neBukira raDhavhidhi, Nyeredzi yaMangwanani inoPenya. MaAri munogara kuzara kwoHumwari, mumutumbi, umo matiri vanakomana navanasikana vaMwari, muHumwari hwaMwari. Hongu. Savanakomana navanasikana, tiri mumhuri, kana uri imomo.

⁹² Zvino tinopinda sei munzvimbo huru iyi kuzonomata? Ndiwo muvhunzo unotevera. Tinopinda sei munzvimbo iyi, kana Jesu ari iye nzvimbo yacho? Ndiye Zita raMwari. Ndiye nzvimbo yaMwari yokunamatira. Uye Ndiye mukova bedzi kudanga ramakwai. Zvino tinoda kuona kuti tinopinda sei maAri.

⁹³ Zvino, kana muchipinda pamukova, tinoziva kuti, munopinda semhuri, sokutaura kwataiita pamusoro pazvo rimwe zuva, pa . . . kana kuti panguva yokudya kwamangwanani, pamusoro pegwayana, kuti Mwari haangavhari mukova kusvikira Awana gwai rokupedzisira nokuripinza mukati. Kana wapinda, zvino wava mumhuri. Uri mumhuri yaMwari kana wapinda muna Mwari. Asi haukwanisi kuva mumhuri yaMwari kana uri muPresbyterian, Methodist, muBaptist, kana Pentekosti. Haugoni kudaro. Unofanira kupinda muna Jesu Kristu.

⁹⁴ “Zvakanaka,” woti, “takazviita.” Tichaona kana wakazviita.

⁹⁵ Ngationei kuti Bhaibheri rinoti chii zvino, Tinoona, muna vaKorinte Yokutanga, chitsauko 12, Bhaibheri rakati, “NoMweya mumwe chete takabhabhatidzwa tose muMutumbi mumwe chete.” Tinobhabhatidzirwa muMutumbi waKristu, noMweya Mutsvene mumwe chete. Hatina kuita zvokuzunzirwamo, kana kujoina, hatina kubhabhatidzwa nemvura kuti tipindemo. Takabhabhatidzwa noMweya Mutsvene, muMutumbi waJesu Kristu.

⁹⁶ Munotora nguva yakareba zvakadini kana mapinda Imomo, kusvikira matanga misikanzwa here? VaEfeso 4:30

inoti, “Musachedza Mweya Mutsvene waMwari, uyo wamakasimbiswa nawo kusvikira pazuva rokudzikinurwa kwenyu.” Ungaita nharo naYe, kwete neni. Ndizvo zvaRinotaura. Ndiri kuPaverenga. Zvakanaka. “Makasimbiswa kusvikira pazuva rokudzikinurwa kwenyu,” kusvikira zuva iro Jesu anouya kuzokutorai. Zvino fungai pamusoro pazvo!

⁹⁷ Zvino hauchisiri iwe pachako, wava chisikwa chitsva, chiGiriki apo chinoreva kuti “chisikwa chitsva.” Wasikwa patsva zvakare. Simba raMwari rauya pamusoro pako, wobva wasikwa, chisikwa chitsva; zvinoreva munhu wose wenyama, munhu wose wenyama nezvose, kuva pasi peShoko raMwari. Kwete imwe nzira!

⁹⁸ Ungati ndiri muKristu sei, iwe usingatereri Shoko raKe pane chimwe chinhu? Ani nani asina kuteerera murairo pa—pachikamu chaWo, ane mhosva pamurairo wose. Ani nani zvake! Jesu akati, “Munhu haararami nechingwa bedzi, asi neShoko rimwe nerimwe rinobva mumuromo waMwari.” Kwete chikamu chete chaMashoko; Shoko rimwe nerimwe! Uye Akati muna Zvakazarurwa chitsauko 22, “Ani nani achatora Shoko rimwe kubva muBhuku iri, kana kupamhidzira shoko rimwe kwaRiri, chi—chikamu chake chichabviswa muBhuku roUpenyu.” Hatifaniri kubvisa chinhu muBhaibheri, kana kupamhidzira kwaRiri. Ingotaura zvaRinotaura.

⁹⁹ Uye muna vaKorinte Yokutanga 12, Makati, “NoMweya mumwe tose takabhabhatidzwa muMutumbi mumwe.”

¹⁰⁰ Zvino mushure mokunge wava muMutumbi uyu, VaRoma 8:1 inoti, “Naizvozvo hakuchisina kupomerwa mhosva kuna avo vari muna Kristu Jesu, vasingafambi munyama, asi muMweya.” Heino nzvimbo isina kupomerwa mairi. Kana uchienda kuchechi yeMethodist, Baptist, Presbyterian, kana kungava kupi zvako; kana uri muna Kristu, uri chisikwa chitsva, uye hakuchina kupomerwa mauri, hakuchina zvachose. Ndiyo nzvimbo yaMwari yaanosangana newe. Ndipo panosangana Mwari nomunamati. Ndipo pavanoitwa zvisikwa zvitsva, nokuti vafa kuzvinhu zvenyika. Vapenyu maAri. Hupo hwaMwari hunoramba hunavo, zuva nezuva.

¹⁰¹ Anorarama mavari, muchizvarwa choga-choga. Chizvarwa choga-choga chakauya, mukufamba kweBhaibheri, kana munhu akaita zvinoda Mwari, ouya kunzvimbo yaAkapa muShoko raKe rakanyorwa rezuva iroro, Mwari anoita kuti munhu iyeye ave chisikwa chitsva, uye haachapomerwi. Tarisai Jobho.

¹⁰² Ndiri kukuitirai ruzha here, namatauro andiri kuita mumaikirifoni idzi? Ndino urombo pamusoro pazvo. Ndinoziva kuti maungira ari muno. Ndiri kuzvinzwavo ini, pachangu.

¹⁰³ Asi, tarisai, Jobho, hazvinei kuti vanhu vangani vaimupomera, vangani vaiti akanga akatsauka, aichengeta murairo waMwari, nechibairo chinopiswa. Aiziva kuti

akaramiswa, nokuti aichengeta mirairo yaMwari. Ndizvo zvakaita kuti aruramiswe, nokuti aiita zvinhu zvaidiwa naMwari kuti aite.

¹⁰⁴ Hupo hwaMwari hunorarama hunopenyesa zuva, zuva nezuva, kubva kwezvitendwa zvakafa, kuenda kuHupenyu nokuShoko rezuva rako. Zvino, Mwari ane zvinhu zvaAnoita.

¹⁰⁵ Se—seruva diki, sokutaura kwandakaita mamwe mangwanani pasevhisi yamangwanani. Kana mbeu ikawana chiedza, inotanga kukura. Inonwa kubva pachitubu chaMwari, inoramba ichikura dakara yasvika pakuita maruva, maruva anobuda, otumbuka.

¹⁰⁶ Zvino tinoona kuti, kana tatanga naKristu, tinokura nenzira imwe chete, nokuti tinokura munyasha nomukuraira kwaMwari.

¹⁰⁷ Hurongwa chete hwakapiwa naMwari, kuchizvarwa choga choga, iShoko raKe. Mwanakomana waKe akauya akaratidza vimbiso dzose dzakanga dzakavimbiswa muchizvarwa chaKe. Vaprofita vose vakauya panguva chaiyo, vaiva Shoko raMwari richirarama panyika. Vaiva Shoko. Jesu akati vakanga vari “vamwari.” Jesu akadaidza vaprofita ava kuti, “vamwari.”

¹⁰⁸ Mumwe murume akasangana neni mumusangano wokupedzisira wandakaita, akati, “Uri mudzidzi weBhaibheri anonzvisa tsitsi.”

¹⁰⁹ Ini ndikati, “Handizviti ndiri mumwe wavo.” Ndakati, “Shoko hariuyi kumudzidzi webhaibheri; fundo yebhaibheri ndiyo inouya kwaari.” Shoko rinouya...Maona? Ndikati, “Fundo yebhaibheri chete ndiyo inouya kuvadzidzi vebhaibheri. Asi,” ndakati, “tiri kutaura pamusoro pechimwe chinhu.”

¹¹⁰ Zvino tinoona kuti, muchizvarwa choga-choga, kana Mwari akati chimwe chinhu chaizoitika, munhu aiuya oratidza chinhu ichocho, vanhu vake vaiuya vorarama izvozvo. Anga ari Mwari pachaKe achirarama muvanhu, nokuti kwaiva kudavira kuShoko raKe.

¹¹¹ Zvino, zano raMwari uye zano bedzi rakapiwa, nhasi, Mwanakomana waKe, kubudikidza neShoko raKe rechizvarwa chino, rinomutswa noMweya woupenyu hwaKe, rinomutswa.

¹¹² Zvino tine zvikoro zvikuru zvefundo dzebhaibheri. Uye nguva zhinji patinoita izvozvo...Hapana chandinopikisa pazviri, zvirokwazvo hapana. Asi, munoona, kana wava kuenda kuchikoro chefundo yebhaibheri... .

¹¹³ Jesu akati, muna Johane 4, “Nguva iri kuuya, uye yatovepo, apo Mwari, nokuti Mweya, achanamatwa muMweya nomuZvokwadi.” Zvino vamwe vanhu vano Mweya, vasina Zvokwadi. Vamwe vanhu vane Zvokwadi, vasina Mweya.

¹¹⁴ Zvino zvinofanana nokuti dai tiine motokari hombe, tiino kwatiri kuenda neCadillac. Uye tiine Cadillac mbiri

dzakafanana, zvino toinda nadzo uye isu...kumatangi, todzizadza dzose nepeturo. Zvino woedza kumutsa imwe yadzo. Zvakanaka, wotarisatarisa, woti, “Chigaro chakagara zvakanaka. Chidhiraivho chakamira zvakanaka, chakagadzirwa zvakanaka nedhaimondi. Uye chigaro, chakagara...chakagara zvakanaka. Iwe wogara zvako wobva warara. Uye, o-o, zvinhu zvakanawanda zvaungaita, chimwe nechimwe, asi, munoona, chimwe chazvo...Dzose dzine simbi dzakakwana, asi imwe yadzo ino mwoto unomutsa. Munoona, ungaziva mamirire esimbi, asi zvinoda mwoto kufambisa injini, kuti zvishande.

115 Zvino ndiro dambudziko muchechi nhasi. Takazara nedzidzo yebhaibheri, tisina simba matiri. Ndizvozvo. Maona?

116 Namamwe manzwi, panofanira kuva nomwoto unobatidza peturo, kana kuti peturo haina zvainoshanda se...Haina kusiyana nemvura, kana pasina moto kuibatidza. Zvino, ndizvo zvazviri.

117 Hazvinei kuti takadzidziswa sei, kana kuti tinotenda sei, uye kuti zvakanawanda sei zveBhaibheri zvatinofunga kuti ichokwadi, uye tichizvitenda kuti zvose ichokwadi, panofanira kuva nesi—nesimba, mwoto, unobatidza Shoko iroro nokuriita kuti rifambe. Rinofanira kuwana izvozvo. Kana zvikasadaro, chechi haisimuki, motokari haisimuki, iwe haisimuki. Asi hazvinei kuti unotaura zvakanawanda sei uchiti, “Ini ndinodavira. Ndinotenda Shoko rose Iri.” Unofanira kuwana chimwe chinhu chinozvitungidza, kuita kuti utange kufamba, uye Chechi huru yaMwari yotanga kufamba. Zvinototoro simba romwoto kuinjini. Hapana chakaipa painjini, asi panoshaikwa mwoto.

118 Zvino ndinofunga kuti ndizvo zvakananganisika muchechi nhasi, tiri kushaya simba iri, rokufambisa Shoko iri nokuriita kuti Rirarame muzuva rino.

119 Martin Luther aiva nohurongwa nesimba racho, muzuva rake. John Wesley aiva nazvo, zvezuva rake. Pentekosti yaiva nazvo, zvezuva rayo.

120 Ko zuva redu? Ino yava imwe nguva! Chechi inofanira kuva yanyatsokura zvino, yagadzirira kundosangana naKristu, ichiratidza maropafadzo ose aAkavimbisa muBhaibheri, achishanda ari muMutumbi mumwe chete umo maAkavimbisa kuti Ahasangana navanhu nokunamatwamo, muChechi yaKe huru iyi.

121 Asi, munoona, tinotumira vana vedu kuzvikoro, tinodzidza kuverenga, kunyora, samhu, nhorondo dzose dzavaprofita nezvose. Zvose zvakanaka, asi unofanira kuva nechimwe chinhu seri kwazvo!

122 “O-o,” woti, “zvakanaka, nda—ndakadanidzira. Ndakataura nendimi.” Zvakanaka. Ndinozvitenda izvozvo, zvakare. Asi handizvo zvandiri kutaura pamusoro pazvo iko zvino. Maona, ucha—ucha...zvichakananganisika. Unoti, “Purengi-purengi,

boomp-boomp,” semotokari sharu iri kumutswa. Woti, “Hongu, ndinotenda *izvi*. Ndinotenda *izvo*, zvakare. Asi, asi kana wasvika pane *izvi*, mazuva aya, o-o, kwete. Kwete!”

¹²³ Ine peturo yakawanda, hama, nejenareta rinoshanda zvakanaika pairi, inoita kuti Shoko raMwari rose Rakavimbiswa ripfute. Ndizvozvo.

¹²⁴ Ndizvo zvakakanganisika patiri nhasi, tava kutoda kusvika pakumira. Tinoda kutenda *izvi*, nokutenda *izvo*.

¹²⁵ Ndikataura chimwe chinhu, pamusoro pe*izvi*. “Hameno, handizivi.” Zvakanaika, Bhaibheri rakadaro! Zvinobva zvapedza gakava. Kana Mwari akadaro, zviripo kuti zviitwe. Kana isu. Kana zvirizvo zvakanzi naMwari zviitwe, tinofanira kuzviita. Gara ipapo kusvikira Mwari atanga kukufambisa, ipapo uchatanga kumhanya zvakare, muri kuona. Kana ukasadar, mapuragi anozara tsvina. Nokudaro tinoda chimwe chinhu chakasiyana, tinoda chimwe chinhu kutitungidza kuti titange kufamba.

¹²⁶ Zvino cherechedzai, haAuyi bedzi noMweya Mutsvene, kuzodzidzisa Shoko raKe, Anoratidza Shoko iroro. Zvino rangarirai, vaprofito vanotenda Shoko. Vanogamuchira Shoko raMwari. Zvino Mwari Mweya Mutsvene akauya mavari ndokutungidza vimbiso iyoyo, nokuita kuti izadziswe. O-o, ini zvangu! Ndiani angawanira mhosva zvakadai?

¹²⁷ Jesu akati, “Ndiani angaNdipomera chivi? *Chivi* ‘kusatenda.’ Zvose zvakanyorwa naMwari nezvose zvakataura navaprofito, ini ndini Mhinduro. Zvakataura kuti ndichaita, ndinoita.” Akauya somuprofito, Mwanakomana womunhu. Ndizvo chaizvo zvaAiva, nezvaAkaratidza kuti aiva. Ndizvo zvaAiva. Nei? Simba raivapo kumutsa zvakanyorwa. Aiva chinofambiswa chacho, Mwanakomana pachaKe, uye Baba ndivo vaiva simba. “Handizi Ini ndinoita mabasa awa, ndiBaba vaNgu vanogara maNdiri. Vanopa si—si—simba nokuita kuti zvinhu zvfambe. Vanoita kuti zviitike.”

¹²⁸ “Ndirini pandakambotaura chinhu...” Sokutaura kwakaita Samuuri pane imwe nguva kuvanhu, “Ndakambokuudzai chimwe chinhu here, muZita raShe, chikasaitika?” Maona? “Ndirini pandakambotaura, uye ndirini pazvisina kuitika?”

¹²⁹ “O-o, iwe, zvawakatiudza zvakaitika, asi tinoda mambo zvakadaro.”

¹³⁰ Ndizvo zvazviri nhasi. Vanhu vanoda kubatirira papfungwa dzavo. Vanoda kubatirira kuzvitendwa zvavo. Vanoda kubatirira pazviri. Zvino totaura pamusoro porumutsiro muzuva redu, tingava norumutsiro sei kana zvinhu zvose zvakavhiringidzwa nenzira iyi? Peturo yakasanganiswa nemvura nezvose zviri mairi, mhando dzose dzesipo dzokusukisa nemhando dzose dzezvinhu zvamazuvano zvakasanganiswamo.

¹³¹ Ndakanga ndichifamba nomumugwagwa rimwe zuva, zvikanzi, kwava norumwe rudzi rwesipo yokusukisa, zvikanzi, “Hauchagezi ndiro, chinhu bedzi chaunoita kungodzinyika wogodzibudisa.”

¹³² Ndakafunga ndikati, “Ndichava gamba mumba mangu” Ndakaenda ndikandotenga bhokisi resipo iyi.

¹³³ Uye ndakati kumudzimai wangu, “Enda hako undogara, mudiwa, rega ndikusukire ndiro.”

¹³⁴ Ndakafunga kuti, “Vakomana, vanhu ava vanoziva zvavari kutauro pamusoro pazvo, ivo vezvesainzi. Ndichamuratidza kuti zvinoitwa sei. Ndichadaro, acha . . . kusvikira ava kuzvizivavo, zvandiri kuita. Kungodzinyika nokudzibudisa, ndizvo zvoga zvaunofanira kuita.”

¹³⁵ Vana vakanga vadya mazai mangwanani. Zvino ndakadira sipo iyi padziri, ndokudzinyika, ndokudzibudisa, ndakanyikazve ndikabudisa. Dzakanga dzichina mazai. Hongu, changamire. Handichatendi zvandinonza paterevhizheni, zvakare. Kwete, changamire. Kwete, kwete. Kwete, zvachose.

¹³⁶ Ndicho chikonzero ndisingatendi kuti hurongwa hwakaitwa nomunhu hungamira. Mwari ane nzira imwe chete yaakapa. Haizi Methodist, Baptist, Presbyterian; asi ndiJesu Kristu, noKuberekwa patsva, uchitenda Bhaibheri. Ndiyo nzira yaMwari yaakapa, uye nzira chete yaAinayo, iri muna Jesu Kristu, Mwanakomana waKe. Uye, muMwanakomana waKe, Akaisa Zita raKe. RaKe! Zita raMwari ndiJesu, nokuti Akauya muZita raBaba vaKe. Nokudaro ndiro Zita raMwari, nokuti Aiva Mwari.

¹³⁷ Zvino cherechedzai, kana simba guru raMwari iri rauya mumwanakomana waMwari, rinomumutsa, Mweya woUpenyu unopinda maari. Ipapo rinomuita sei? Rinovaisa munzvimbo dziri kumusoro kuDenga, iko zvino. Kwete kuti “vachaiswa.” Tiri iko zvino. Zvino takatomutswa kuvakafa kare, simba nezvinoita kuti tifambe zvakatotanga basa, zvakatimutsa, uye takamutswa kuti tipinde muHupo hwaMwari, muno Mweya waKe. Iko zvino takagara pamwe chete munzvimbo dziri kumusoro kuDenga, muna Kristu Jesu; muna Kristu Jesu, takagara imomo, chigaro chikuru chakatogadzirwa kare, chakamutswa kubva kuvakafa. Tiri chikamu chacho. Kana uri chikamu choMwenga, uri, nokuti Mwenga chikamu cheChikomba, munoziva. Nokudaro tinoona kuti zvimwe chete, Achaita chaizvo zvakataurwa kuti Achaita muzuva rino. Anenge asiri muRaodhikia, kungodziya chete kwete kana nenzira ipi zvayo. Asi Anenge achipfuta nokuda Mwari, Anenge achifamba muMweya waMwari.

¹³⁸ Zvino tiri kutsvaka kuti tione. Zvino ngationei, apa panguva iyoyi pazvinoita, pazvinotibata; uye, apo, patakanga takafa muzvivi nokudarika, kudarika, ndingadaro, iye . . . takamutswa pamwe chete kuShoko raKe renguva ino.

139 Zvino ngatifungei pamusoro penguva dzakare, pamusoro pomumwe munhu akamutswa neShoko iri; tisati tanamatira vanorwara. Ngatitorei vamwe vashoma, tione hunhu hwavo.

140 Ngatitorei murume pano akachengeta Shoko raMwari rose, muTestamente yaKare, ainzi Enoki. Akamutswa kwazvo neShoko raMwari, zvokuti akava nechapupu, chokuti, “Akafadza Mwari.” Hapana kana chinhu chimwe Mwari chaakaraira Enoki kuti aite akasaita.

141 Handizivi kuti pangava navana Enoki vangani pano masikati ano, vokuti, vakaziva kuti zviri muShoko raMwari? Vangani venyu imi madzimai vakagera vhudzi vangazviti vakafanana naEnoki, maona, maona, imi muchiziva kuti Mwari anotuka izvozvo? Vangani venyu imi varume, vanorega vakadzi vachiita izvozvo, vangazvidana kuti vana Enoki? O-o, ini zvangu! Ichi chinhu chimwe chete, zvichazodini pazvuru? Zvino tinozvinyaradza, tichiti, “Ndiri *wouku*, uye ndiri *wouko*.” Unokwanisa kunge uri *wouku*, asi . . . kusvikira wava panzvimbo yaMwari yaakapa! Uye haukwanisi kupinda imomo kusvikira wava chikamu cheShoko iroro. Uye, wava chikamu chaRo, unova zvose zvaRiri, uri pasi paro rose. Cherechedzai, tine izvi pano zvinonzi neBhaibheri “Shoko raMwari,” uye, ndizvo zvariri, Shoko raMwari.

142 Zvino tinoona kuti Enoki akauya munzira yaMwari yaakapa, neShoko raKe, akafamba mazana mashanu amakore, akaMufadza. Uye tinoona kuti hurongwa hweShoko hwakanga hwakakwana maAri, zvokuti apo simba rakatanga kufamba maari, rakabva Ramubvisa panyika. Akakwira ndege yokutanga, ndingadaro, kuenda kuDenga. Achishanda nohurongwa hwaMwari nesimba racho, pamwe chete, “akashaikwa,” nokuti Mwari akamubvisa panyika, pasina rufu. Ndizvo chaizvo. Aifamba munzira yaMwari yaakapa.

143 Zvimwe chete tinozviona pana Eria. Mutana Eria akanga atsiura vana Jezebheri vakawanda, vaigerwa, nezvakadaro, zvavaishandisa mazuva iwawo, hupenyu hwomutana uyu hakapera mukutsiura chivi pakati pamadzimai awa, nokuti paiva nomudzimai, wainzi Jezebheri, aivatungamirira.

144 Sezvinongoita Hollywood pano, yakamonera hanzvadzi dzose mairi. Uye, Jezebheri achiri kurarama, ukangotarisa zvakatipoteredza unokwanisa kuona kuti ari kurarama. Uye achine simba guru, zvakare.

145 Zvino tinoona kuti, mutana uyu somuprofita, akatuka chinhu ichi nazvose, akagara mukuda kwaMwari kwakakwana. Apo vaparidzi vose vaishaya simba, akagarapo naRo.

146 Zvino rimwe zuva akanga aneta zvikuru, zvokuti, Mwari akatumira ngoro kubva kuDenga, namabhiza omwoto, ndokubva amutora. Akanga akanyatsozara nesimba rokumuka

iri! Fungai, Shoko raMwari riri mumwoyo maKe, akasvika pakuzadzwa nesimba rokumuka iri rakamumutsa!

¹⁴⁷ “Kana Mweya waMwari, Iye. . .” Ndinotenda tinozwiwana muna VaRoma :11, kana hwani, :11, “Kana,” panoti, “kana Mweya. . .” VaRoma 8:11, ndiyo. “Kana Mweya wakamutsa Jesu kubva kuvakafa uchigara mamuri, uchamutsavo mitumbi yenyu inofa. Kana Mweya wakamutsa Jesu kubva kuvakafa, kana—kana Uri mamuri, Unomutsavo mitumbi yenyu inofa.”

¹⁴⁸ Kuimutsa! Ko inzwi rokuti *kumutsa* rinorevei? Inzwi rechiGiriki rinoreva kuti, “kudzoswa kuhupenyu mushure mokufa.” Hareruya. Ndiro suvo rokunamatira. Kunamata muMweya nomuZvokwadi, hurongwa nesimba, pamwe chete. Munoono here zvandiri kureva?

¹⁴⁹ “Kana Mweya wakamutsa Jesu kubva kuvakafa uchigara mamuri, Unomutsa, kupa upenyu, kumitumbi yenyu inofa, nokuti Muno Upenyu nechakare.” Uye kana waUya mumutumbi wako, Unoisa mutumbi wako wose pasi paWo. Pasi pei? Pasi peShoko raMwari. “Kana uri mauri.” Zvino kana chiri chimwe chinhu. . .

¹⁵⁰ Unondiudza kuti, “Zvakanaka, izvi ndezva mazuva akapfuura. Uye Marko 16 haizi yechokwadi, nepfungwa iya yechiPentekosti yokubhabhatidzwa noMweya Mutsvene.” Hauzi Mweya waMwari uri mauri. Handina mhosva nokuti wakadzidziswa zvakadini, zvino, hauzi Mweya waMwari. Woti, “Zvakanaka, amai vangu vaiva nhengo *youku*, nababa vangu, kwamakore, nehanzvadzi yangu.” Zvose zvaungada kutaura pamusoro pehama dzako, nezvakadaro, zvose zvinogona kunge zvakanga zvakanakira; asi hazvizi zvako, maona, unofanira muzuva rino kuuya muna Kristu Jesu, kuchizvarwa chino nevimbiso dzechizvarwa chino.

¹⁵¹ Cherechedzai, tinoona kuti simba guru rokumutsa iri rakarova Enoki, rikamumutsa akaenda kuMusha pasina kufa.

¹⁵² Rakarova Eria, rikamumutsa akaenda kuMusha pasina kufa.

¹⁵³ Tinoona kuti akamutevera aiva Erisha, vaifananidzira Kristu neChechi, Erisha. Eria wakaita zvishamiso zvina, asi Erisha akaita zvishamiso zvisere. Aiva nechikamu chakapetwa kaviri, sechakadururwa pamusoro peChechi. [Hapana chinhu patepi—Mupepeti.] Nokufamba kwenguva pakava nomunhu akafa, wavakakandira pamusoro pamapfupa ake, akabva amuka. Simba rokumuka iri raiva nayevo muguva. Haugoni. . .

¹⁵⁴ Rinogara riripo, kana wawana simba rokumuka raMwari, unenge wakamutsa naYe zvino.

¹⁵⁵ Zvino rangarirai, muna Kristu, tiri nyama yenyama yaKe, bvupa ramapfupa aKe. Apo Mwari akakuvadza Kristu paKarivhari, Akakuvadzirwa iwe neni. Tiri nyama yenyama

yaKe, nebvupa ramapfupa aKe, mutumbi womutumbi waKe, Zita reZita raKe, Mwenga waKe. Maona, tiri maAri, tiri nyama yaKe namapfupa aKe.

¹⁵⁶ Zvino Mwari wakatotimutsa kare, tingadaro. Simba rokumuka rakatimutsa kubva kuupenyu hwezvivi, nokushandura hunhu hwedu, tingatoti rakatimutsa muna Kristu Jesu, kunova, kumuka kuvakafa kuchatimutsa takakwana zvakazara.

¹⁵⁷ Zvino rangarirai, takafa kuzita redu, tikavigwa, tikamuka mune raKe. Maona, hatisisiri vedu. Iro, Zita guru iri “raJesu Kristu” rinonzi neBhaibheri muna vaEfeso 1:21, zvinonzi, “Mhuri dzose, dziri kuDenga napasi, dzinodanwa neZita iri.” Ndipo pakaisa Mwari Zita raKe. Ndiro Zita remhuri iri kuDenga. Ndiro Zita remhuri iri panyika.

¹⁵⁸ Zvino tiri muna Jesu Kristu, nokubhabhatidzwa nomweya, kwete nemvura; noMweya, takabhabhatidzwa muMutumbi mumwe, anova Kristu, nzvimbo yokunamatira. Zvino, tiri imomo, tiri munzvimbo iyoyi, zvinoitsetsamba yemvumo.

¹⁵⁹ Ungati, “Ndakatenga munda muduku.” Hauzi wako kusvikira wapiwa tsamba yemvumo. Asi kana uine tsamba yemvumo, inoratidza kuti zvose zvakasunganidzwa nomunda uyu hazvisisina basa.

¹⁶⁰ Uye kana wava muKristu wagamuchira Kristu soMuponesi wako, zvino, kana Mwari atumira tsamba yemvumo, zvinoratidza kuti hazvinei kuti baba vako vakaitei, kana amai vako vakaitei, kana ani zvake akaitei; amai vako, baba vako vanogona kunge vaiva zvidhakwa, zvipfeve; kana chingava chii, chivi chose chabviswa! Une tsamba yemvumo. Hapana chinokubvisa ipapo. Uye, tarisa, zvose zviri mumunda uyu ndezvako! Amen. Zvino kana wava muna Kristu Jesu, nokubhabhatidza koMweya Mutsvene, chipo chose chaMwari ndecheChechi. Amen. Itsamba Inopa mvumo. Iwe, ndezvako, zvava zvako. Zvinomutsa mitumbi yenyu inofa. O-o, ini zvangu, kana tikafunga pamusoro pazvo!

¹⁶¹ Ngatitarisei pana avo vakanga vakatendeka paPentekosti. Vose vakanga vari muimba yapamusoro, uye vose vaitya. Vaiva, vaiva ne—nemvumo, ndizvozvo, asi vaitya. “Kamwe-kamwe kwakauya ruzha kubva kuDenga,” mvumo yakatumwa kwavari, “semhepo huru inovhuvhuta, ikazadza imba yose mavakanga vakagara.” Uye vakamutswa zvikuru naIzvozvo, kusvikira kutya kwavo kwose kwaiva. . . Mumwe wavo akatya kunyange, akaramba kuti aiva muFarise, kana kuti akanga ari muSadhusi. Asi Mweya Mutsvene pawakaburuka ukamubhabhatidza muna Jesu Kristu, akava nyama yenyama yaKe, bvupa ramapfupa aKe, Shoko reShoko raKe. Akava chisikwa chitsva. Akava munhu mutsva. Zvakamutsa mutumbi wake.

162 Tarisa zvaWakaita, zvaUnoita kwauri kana Wayua mauri. HaUkuiti kuti ufambe uchiti, “Ndiri muMethodist. Ndiri muBaptist. O-o, ndinoziva kuti handifaniri kuputa fodya. Handifaniri kuva neizvi. Handifaniri kupfeka mbatya dzakadai. Handifaniri kuita izvi. Handifaniri kuita izvo.” Unokumutsa kusvika wava kuzviita. Unomutsa mitumbi yenyu.

163 Tarisai, Wakamutsa mitumbi yavo, kusvikira zvakavasvitsa pedyo neDenga kusvikira Wakamutsa mitumbi yavo kuti vataure nomutauro wavakanga vasina kumbonzwa. Wakamutsa mitumbi yavo, vakataura nomutauro mutsva wokuDenga. Vakamutsa kupinda muHupo hwaMwari, nokubhabhatidza koMweya Mutsvene. Simba raMwari rokumuka rakavabhabhatidzira imomo. Vakanga vava munzvimbo yokunamatira ipapo. Vakanga vava munzvimbo yavaikwanisa kunamata. Sanhedrin kana chimwe chinhu chakanga chisingachagoni kuvakanganisa, nokuti vakanga vamutswa. Vakanga vava vanhu vatsva. Izvi zvakauya sure kokunge vabhabhatidzwa.

164 Tarisa kuna Stefano. Akauya munzira yakapiwa naMwari, akamutswa nesimba raMwari; akauya pamusuvo, nzira yakapiwa naMwari. Uye kunyange pavakaenda kundomuuraya, yachimutaka namabwe, akati, “Ndinoona Matenga akazaruka, Jesu akamira kurudyi rwaMwari.” Ndiri simba rinomutsa. Akamutswa akaenda pachipfuva chaKe.

165 Paiva naFiripi, mumwe wakanga akazadzwa nesimba rokumuka. Tinomuona ari kuSamaria, kwaakanga achiita rumutsiriro rukuru. Simba guru iri rokumuka, mushure mokunge ava muna Kristu, akauya paiva nezvuru zvavanhu vaimuteerera. Iye akati, “Zvino chibva pano, Firipi, Ndinoda kuti uende kugwenga uko, reGaza, riri uko. Ndino munhu ikoko, wandinoda kuti usongane naye.” Zvino hapana muvhunzo, hapana muvhunzo zvachose, akanga akazara nesimba rokumuka iri. Aiva muna Kristu, aiva panzvimbo yakapiwa apo Mwari aikwanisa kutaura naye. Mwari akataura naye. Pakanga pasina muvhunzo.

166 Woti, “Zvakanaka, Akataura kwandiri akandiudza kuti ndichapodzwa, asi, handizivi zvino, ndiri kunyanya kurwara nhasi.” O-o, ini zvangu! “Zvakanaka, Akandiudza kuti ndino Mweya Mutsvene, asi dzimwe nguva ndinokahadzika zvirokwazvo.”

167 Firipi aiziva Inzwi raMwari chairo, nokuti akanga auya nenzira yakapiwa naMwari. Haana kuvhunza Mwari, achiti, “Zvino, Mwari, ndina vakawanda pano, ndinofanira kumbomira. Ndinofanira kuona mukuru wechechi ndisati ndazviita. Ndinofanira kuenda kundotaura nabhishopi,” pakanga pasina zvakadaro. Aiteerera Mwari, akabva aenda murenje chaimo!

168 Akaona murume mumwe chete, muranda, wokuEthiopia, murume wechitema achiuya, achiverenga Gwaro romuna Isaya. Iye akati, “Unonzwisisa here zvauro kuverenga?”

Akati, “Ndinganzwisisa sei pasina mumwe anondidzidzisa?”

169 Firipi akakwira mungoro ndokutanga kutaura naye pamusoro paIshe.

170 Akati, “Mvura iri pano iyi, chii chingandidzivisa kubhabhatidzwa?”

171 Akati, “Kana uchitenda nomwoyo wako wose, nomweya wako wose nepfungwa dzako dzose, nesimba rako rose.” Vakaburuka mungoro akamubhabhatidza.

172 Iye Firipi akanga akazadzwa nesimba rokumuka iri, zvokuti, Rakamusimudza kubvapo akasazomuonazve. Fungai! Ari mumutumbi wake unofa, mutumbi wake wenyama wakamusimudzwa, muranda akasazomuona. Ndinotenda kuti izvi ichokwadi. Mwari aigona kuenda naye kune imwe nzvimbo, kwaAimuda. Akatakurwa.

173 Munoziva, rufu harukwanisi kubvisa chinhu ichi pauri, kana uri muna Kristu, munzvimbo yaMwari.

174 Tarisai pano, Mosesi aiva naro. Akanga ari muprofiti uko kunouya Shoko raShe. Kwete vakawanda . . . ndivana Kora vangani vakamuka vakati, “Tinofanira kuva nesangano guru. Zvino iwe uri kuedza kuzviita munhu mutsvene woga.” Mwari akati, “Zvipatsanurei, ndinoda kumumedza.” Zvino vana Dhatani, navamwe vakadaro, havana kumukanganisa, akaramba achienderera mberi.

175 Zvino Mosesi paakafa akavigwa, naVatumwa, simba rokumuka iri rakagara paari. Nokuti, mushure mamakore mazana masere, houno munyika yechipikirwa, achitaura naJesu. Simba rokumuka iri rakanga richiri maari. Ndiyo nzvimbo yaMwari yokunamatira.

176 “Unoti chii? Unoziva sei?” Akanga ari muprofiti. Shoko rakauya kumuprofiti. Uye akanga ari Shoko raMwari rairatidzwa rechizvarwa chake. Amen.

177 Munoono, haugoni kufa, wakatamutswa. O-o, dai chechi ikagona kuona izvi, kuti hazvisi zvauchava, ndezvauri nechakare! NdoWakaipa ari kuedza kukutorera izvi.

178 “Zvakanaka,” woti, “zvino ndino kuudzai. Ndiri weboka *iri*.” Handina mhosva kuti uri wokupi.

179 Unofanira kuberekwa patsva, kuvandudzwa, nokubhabhatidzwa noMweya Mutsvene, muna Jesu Kristu, womutswa kuShoko rose. Mweya wako, uri mauri, uchati “ameni” kuShoko rose reBhaibheri. Kunze kweizvi, kana uka—kana ukadzungudza musoro pane rimwe, iwe dzinga mweya

iwoyo. Hauzi Mweya waMwari unoramba Shoko raMwari. Unochengeta Shoko raMwari. Kwete kungoRitenda chete, asi Unoita kuti Rirarame. Unoratidza Shoko raMwari. Hongu, changamire.

¹⁸⁰ Cherechedzaivo vatsvene vomuTestamente yaKare. Tingangoti, vari pasi pechipiriso chakare, vakanga vakamirira kuti chitsva ichi chiuye, vaine hana yakanaka kuna Mwari. Muna Mateo 27, takaudzwa kuti, apo Jesu paAkamuka Akabuda muguva. Zvinova, zvataipemberera mavhiki mashoma apfuura, Esita. Bhaibheri rinoti, “Vatsvene vazhinji vakanga vakazorora muguruva renyika, vakamuka pakumuka kwaKe, vakapinda muguta vakaonekwa navazhinji.” Vakanga vari vana ani? Vakanga vari kuratidzwa kweShoko raMwari rakavimbiswa. Nzvimbo bedzi yaunosangana naMwari, pasi pechipiriso ichi.

¹⁸¹ Zvino muna vaTesaronika Yokutanga 4:16, Bhaibheri rakati, zvakare, vatsvene vomuTestamente Itsva vanouya naYe paAchauya zvakare, ivo vakamutswa maAri zvino. Unopinda maAri sei? Nokubhabhatidzwa nomweya, simba raMwari, nzvimbo yaunosangana naYe, muna Jesu. Zvino Jesu inzira yakapiwa naMwari.

¹⁸² Zvino cherechedzai, Jesu akanga aine chokwadi chaicho chokuti Aiva ani! Aiziva kuti Aiva Mwanakomana waMwari. Aiziva kuti Akaberekwa nemhandara. Aiziva kuti Gwaro rimwe nerimwe richaZviratidza maAri. Aizviziva, zvokuti Akati kuvavaki vetemberi, zuva riya, Akati, “Putsai temberi iyi, uye ndichaimutsa namazuva matatu.” Fungai pamusoro pazvo. “Iputsei, zvino ndichaimutsa namazuva matatu.” Sei? Raiva Shoko rakanyorwa pamusoro paKe.

¹⁸³ Dhavhidhi akati, “Handingasiyi Mutsvene Wangu Uyu mugehena, handingasiyi mweya waKe mugehena, kana kutendera Mutsvene Wangu Uyu kuti aone kuora.”

¹⁸⁴ Zvino, Jesu aiziva kuti zvaireva Iye. Akanga asina muvhunzo mupfungwa dzaKe. Zvino Aizviziva kuti mumaawa makumi manomwe namaviri, mutumbi unoora, zvino maawa makumi manomwe namaviri asati apera Aizodzoka zvakare kuva mupenyu, nokudaro Akati, “Imi putsai temberi iyi, ndichaimutsa zvakare mumazuva matatu.” Sei? Raiva Shoko rakanga rakanyorwa pamusoro paKe. Rakanga rakanyorwa pamusoro paKe, nokuti Aiva kuratidzwa kweShoko raMwari rakanyorwa rezuva iro.

¹⁸⁵ Zvakanaka, zvinofanira kudaro, hareruya, zvinofanira kudaro, hama, pane imwe nzvimbo, Shoko raMwari ranhasi rakararatidzwa. Uye zvimwe chete, nokuti Akataura pamusoro pamazuva ano uye Akataura kuti chii chichazoitika mumazuva ano. Akatotiudza kare. Tinoziva zvichaitika. Uye tikazviona zvichiratidzwa mamuri, zvino unenge uri muChechi yaMwari. Kunze kwaizvozvo, unogona kuzviti, “muMethodist,

muBaptist,” kana chimwe chinhu, hazvimboshandi. Pakanga pane nzvimbo imwe chete yokusangana, ndomuna Kristu Jesu. O-o, nhasi, o-o, ndinoda sei kuti munhu wose azvione izvozvo nhasi, aone kuti anopinda sei, nokubhabhatidzwa. Mwenga chikamu choMurume wake. Chechi chikamu cheShoko, richiratidzwa.

¹⁸⁶ Zvino uri muchechi ipi? Uri mudhinominesheni here? Kana urimo, ndinokutaurira zvakasimba zvino, kuti uri muRaodhikia. Asi kana uri muna Kristu, uri chisikwa chitsva, uye uri muChechi yaMwari mupenyu, inokuratidzwa kwezvvinhu zvimwe chete chaizvo zvaAkaita muzuva raKe zwichidzoka muzuva rino, ichiita zvinhu zvimwe chete zvaAkati Ichaitavo. Zvino, ndiyo Chechi chaiyo. Unopinda maRi nokubhabhatidzwa nomweya, kwete nokujoina, kana nezvimwe, asi nokubhabhatidzwa noMweya Mutsvene muMutumbi waKe. Zvakanaka. Ndiyo nzira yaMwari yaAkatsiira kuti tiite, kubhabhatidzirwa muMutumbi waKe, noMweya waKe.

¹⁸⁷ Jesu akati, muna Johane 14:12, “Uyo anotenda, maNdiri!” Ndicho chikonzero vanhu vachiti mazuva ezvishamiso akapfuura, ndicho chikonzero vachitaura zvinhu izvi. “Uyo anotenda maNdiri, kwete anotenda kwaNdiri, asi kutenda maNdiri, mabasa andinoita achaitavo.” Sei? Upenyu hwaKe. Isimba raKe muhurongwa hwaKe, mauri, rinozvitungidza, roita kuti riende kundoita mabasa akavimbiswa kuti riite. Kana kuti, upenyu hwangu maAri, akandimutsa noMweya waKe, kuita kuti Shoko raKe, rinova injini, richifambiswa nesimba raKe. VaHebheru 13:8, “Jesu Kristu mumwe chete zuro, nanhasi, nokusingaperi.”

¹⁸⁸ Zvakare muna Marko chitsauko 17, ndima 30, yaMarko. Nyatsoteerera. Jesu akavimbisa zvinhu izvi mumazuva okupedzisira, kuti Iye “haashanduki zuro nokusingaperi.” Akavimbisa, muna Maraki 4, kuti “Achadzosera mwoyo yavanhu, mumazuva okupedzisira, paKutenda kwamadzibaba.” Akavimbisa izvozvo. Akavimbisa, munzvimbo dzakawanda muBhaibheri, zvinhu zvaAizoita. “Kwasara nguva duku nyika haichazoNdioni zvakare, asi imi muchaNdiona; ndichava nemi, mamuri nguva dzose, kusvika kumagumo enyika.” Uye cherechedzai muna Ruka zvakare, 17:30, “Sezvazvakanga zvakaita mumazuva eSodhoma!”

¹⁸⁹ Munoziva zvakaitika muSodhoma? Tarisai California; kwete California yoga, United States; kwete muUnited States chete, asi pasi pose.

¹⁹⁰ Tarisai kupenga koita vechidiki! Zvino, takava ne... Ndakakuudzai zuva riya, vaiongorora muzvikoro zvokuArizona kwandinogara, uye makumi masere avana kubva muzana vari muchikoro vakakanganisika pfungwa. Ko vana vavo vachazova

chii? Hatikwanisi kuva nechimwe chizvarwa. Tava kumagumo. Jesu akati zvinhu izvi zvichauya.

¹⁹¹ Onai ose materevhizheni nezvinhu izvi zvichiratidza zvinhu zvisingaitiki muhupenyu chaihwo. Pachauya nguva, ndinofanozvitaure, apo vanhu vachapenga chaizvo, zvakakwana, nyika ichadaro. Bhaibheri rinotaura nezvezvinhu zvinotyisa sezvinoratidzwa mumabhaisikopo nhasi zvezvisikwa zvaivapo vanhu vasati vavapo, zvakararama munyika kwezvuru zvamamiriyoni amakore, zvakaberekwa zvikavapo ku... Chinhu chidiki, pane zvichaitika. Gehena parichazarurwa yve Wakaipa akabuda nezvakavanzika zvake zvose, zvamadzimai...kana kuti mhashu dzine vhudzi rinenge ramadzimai, namazino anenge eshumba. Zvino, nyika ichapinda, mukupenga kwakakwana. Yasara padiki-diki kupinda mazviri zvino.

¹⁹² O-o, kuhwinya kwaMwari, kuUya kwaShe Jesu, nokwoMweya Mutsvene, kuziva, nokurarama muHupo hwaMwari mupenyu!

¹⁹³ Jesu akati, muna Marko, Akati, “Muzuva iro Mwanakomana womunhu acharatidzwa.” Zvino, rangarirai, kwete Mwanakomana waMwari. Akauya mumazita ohumwanakomana matatu: Mwanakomana womunhu, Mwanakomana waMwari, Mwanakomana waDhavhidhi. PaAkauya panyika, Akauya soMwanakomana womunhu, Akanga ari muprofita. Mwanakomana womunhu muprofita. Jehovha paChake akadana vaprofita, Jeremiah navamwe kuti, “Mwanakomana womunhu, unoonei?” Jesu akauya, nokuti Aifanira kuuya maererano neGwaro, soMwanakomana womunhu. Mosesi akati, “Ishe Mwari wenyu achakumutsirai Muprofita, akafanana neni.” Nokudaro Aifanira kuva muprofita, Mwanakomana womunhu.

¹⁹⁴ Asi shure kworufu rwaKe, kuvigwa, nokumuka, akabva Ava Mwanakomana waMwari, chomweya, Mweya Mutsvene.

¹⁹⁵ Asi Akavimbisa kuti, nguva yokuguma yoda kusvika, nyika yaizoita sezvayakanga yakaita muSodhoma, apo Munhu akauya ari muchimiro chomunhu; vatatu vavo, Ngirozi mbiri naMwari paChake. Akanga ari Mwari. Bhaibheri rakati ndizvo zvazvaiva. Zvino Akadzika Amene Akazviratidza ipapo, Akafuratira te—tende maiva naSara, akataurira Abhurahama zvaifungwa naSara ari mutente. Ndizvo here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Zvino, Jesu pachaKe akati, “Pazuva iro Mwanakomana womunhu achange achiratidzwa,” namamwe manzwi, “Mwanakomana womunhu, shumiro yaJesu Kristu paChake.”

¹⁹⁶ Chechi ichapfuura nomukururamiswa, muna Luther; mukucheneswa, muna Wesley; nomukubhabhatidzwa noMweya Mutsvene, kana kuti maPentekosti; yopinda mukukwaniswa kwoMwanakomana womunhu, apo Murume noMudzimai

vanenge vava munhu mumwe. Mwari achazoratidzwa muMwenga waKe, Chechi yaKe, kusvikira vose vafanana. Vamwe chete. Zvino munoona patavari.

¹⁹⁷ Musabatirira patsika nezvitendwa. Zvakanga zvakanaka muzuva razvo, asi ruva ratumbuka ravhurika zvino. Inguva yembeu. Ndizvozvo.

¹⁹⁸ Jesu akavimbisa zvinhu izvi. Zvino kana tichiona Mwari achiita kuti vimbiso yaKe irarame pamberi pedu, tichiona kuti iri matiri, uye Mweya waKe uchirarama matiri; ndiyo chete nzira yokunamata, nzvimbo chete yokunamata, nzira chete yechokwadi yaunganamata, “Nokuti hakuchina kupiwa mhosva kuna avo vari muna Kristu Jesu.” Mwari akapa vimbiso. Jesu akati, “Zvinhu zvandinoina, muchazviitavo,” nezvaAchaita muzuva rokupedzisira. Kutu zvichaita sei muchizvarwa chino, kuti hachisi chiedza kana masikati, kuchange—kunge nguva yamanheru, asi kwakanzi, “Panguva yamanheru, pachava neChiedza.”

¹⁹⁹ Zuva rinobuda kumabvazuva richidoka kumadokero. Zuva rimwe chete rinobuda kumabvazuva ndiro rinodoka kumadokero, zivo yakateverana naro. Rakavambuka makungwa matatu, mifananidzo mitatu yokubhabhatidza. O-o, hongu, kubva kuAsia, kuvambukira kuEurope; kubva muEurope, kuvambukira kuEngland; uye kubva muEngland, kuvambukira kuUnited States.

²⁰⁰ Uye zvino tadzokerazve, uye tigere pano masikati ano, kuMahombekombe okuMadokero, uko chivi chakaungana namasimba ose erima akaungana. Mabhaisikopo neterevhizhoni, varume vachikisa vakadzi, zvichisvibisa pfungwa dzavasikana vadiki.

²⁰¹ Munozviziva here kuti murume wose anokisa mukadzi anosungirwa kumuroora? Zvakafanana nokusangana kwomurume nomukadzi. Hongu, ndizvo. Hongu, changamire. Chii ichocho? Tsinga dzinotekenyedzwa dzomunhurume dziri mumuromo make, namagiranzi omunhukadzi. Kana tsinga idzi dzasanganiswa dzomurume nedzomukadzi zvangofanana nokusangana kwomurume nomukadzi, mukutorana.

²⁰² Tarisai kuHollywood, tarisai vasikana vachirara muma park, navakomana vachitamba zvisina kunaka navasikana ava, nezvimwe zvakadaro, asi vachitoimba mumakwaya. Vana Elvis Presley ava, navamwe, vatinavo nhasi, zvinosvoresa zita reAmerica, nezvakarwira madzibaba edu vakadeura ropa vakafa.

²⁰³ Asi nguva yasvika yokuti humambo hwose hubviswe, nokuti kuno Humambo hwaMwari hwakasimbiswa mumwoyo yavanhu, nokubhabhatidza kwoMweya Mutsvene noHupo hwaJesu Kristu. Uye Kristu uchauya kuMwenga waKe ogadza huMambo panyika pano, husingaperi. Unopinda sei muHumambo uhu?

Unoberekwa mahuri. Unozviziva sei? Unongochengeta... Ungava sei muHumambo uchipesana namambo? Maona, unozova... Zvino Mambo iShoko. “Pakutanga kwaiva neShoko, Shoko rakanga riri kuna Mwari, uye Shoko rakanga riri Mwari. Uye Shoko rakaitwa nyama rikagara pakati pedu. Mumwe chete zuro, nanhasi, nokusingaperi.”

²⁰⁴ Vakaziva sei kuti Aiva Mwanakomana womunhu? Aitarisa ungoro oziva zvavaifunga. Tinoziva kuti ichi ichokwadi. Mumwe chete nhasi. Munozvitenda here izvi? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

²⁰⁵ Billy apa makadhi okunamatirwa here? Ndakanganwa kumuvhunza. Apa here makadhi okunamatirwa? [Ungano inoti, “Hongu.”—Mupepeti.] Apa here makadhi okunamatirwa? Zvakanaka.

²⁰⁶ Ndokuudzai. Kana muchitenda zvakanakwana, ndinotenda kuti Mwari, Akapa vimbiso, anokwanisa kuZviratidza kuti ndiMwari pano, pasina munhu anouya kupurupeti kuno. Ndinonzwa kuti ndiite izvozvo, nokuda kwevimbiso yeShoko raMwari mupenyu. Tarisai pano, regai ndikuratidzei chimwe chinhu. Simba rokumuka iri, tava kuRishandisa. Regai ndikuratidzei. Vangani vanotenda kuti vane simba rokumuka iri? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Zvakanaka, chii chakaipa namaoko enyu pamusoro pavanorwara?

²⁰⁷ Vadzidzi pavaagamuchira simba rokumuka, paZuva rePentekosti, vakaitei? Vakaenda vakandoisa maoko pamusoro povairwara, vakapora. Jesu akati, muna Marko 16, “Zvicharamba zvichidaro kusvika kumagumo enyika.” Zvichatora nguva yakadini, kusvika kuchizvarwa chavaapostora here? “Endai kunyika yose, muparidze Evhangeri kuzvisikwa zvose. Zviratidzo izvi zvichatevera vanotenda; vakaisa maoko avo pamusoro pavanorwara, vachapora.” Ndiro simba rokumuka rakafanana neraiva pamapfupa aEria, kana kuti mapfupa aErisha. Uye simba rimwe chete rokumuka riri pamusoro pavatsvene vakamutswa. Kana simba rimwe chete rokumuka riri matiri, isai maoko enyu pamusoro pavanorwara, vachapora.

²⁰⁸ Ndacherechedza pano, ndava kuita sendaregera zvokunzvera zvakananzika, zvakare, ndava kungoisa maoko angu pamusoro pavanorwara. Ndacherechedza kuti, ini, zvinhu zvandisina... Handina kusvika kuchikamu chimwe chete kubva muzvitatu zvavanhu, dzimwe nguva. Nenzira iyi, ndinonamatira vakawanda kudarika zvandaisiita. Uye ndinowana zvibereko zviru nani, nokungozviisa mumaoko aMwari, ndoti, “Ishe Mwari, Makazvivimbisa. Ivimbiso yeNyu; haizi yangu, ndeyeNyu, uye Makavimbisa kuti Muchazviita. Uye ndakaona Muchizviita. Uye ndinotenda kuti Munozviita, nokuti ndakabhabhatidzwa muMutumbi weNyu, uye Mweya weNyu pano unoratidza kuti ndicho Chokwadi.” Amen. Ndiyo nzvimbo yokunamatira. Zvino

unosvika paunoti, “zvinhu zvose zvinokwanisika.” Wozosvika panzvimbo yokuti zvi—zvido nezvinangwa zvako, nokushingaira kwako, zviri mukuda kwaMwari. Zvino kana ukaisa maoko ako ukazvitenda, zvinoitika. Munozvitenda here izvi? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

²⁰⁹ Ndinotenda kuti, kadhi rokunamatirwa rimwe chete risati radaidzwa, kana kuita chii zvacho, Mwari Samasimba anokwanisa kunditaurira kuti munonetseka nei, uye kuti munofanira kuitei, uye kuti maisafanira kuitei. Ndiko kuita usingamanikidzirwi, ndizvozvo, ndinoziva kuti ndizvozvo, asi ndizvo chaizvo Mwari zvaanoda kuti tiite. Munozvitenda here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Vangani vangazvitenda kana Mwari akazviita? [“Ameni!”]

²¹⁰ Hapana munhu akagara mberi kwangu wandinoziva, wandingafunga, kana ani zvake wandinoziva. Vangani vanoziva, muungano, kuti hatizivani, simudzai maoko enyu. Vanoziva kuti hapana chandinoziva nezvavo, simudzai maoko enyu. Ndinofunga kwose kwose zvako muungano, vanoziva kuti hapana chandinoziva nezvavo. Ndinofunga kwose kwose, kunyanya vari muno. Zvino zvichida vamwe vanhu vano... Handivazivi. Havana kusimudza maoko avo, asi ha—ha—handivazivi, zvakadaro. Ndinotenda wandiri kuona ndiRichard Blair akagara apo. Ndinotenda kuti ndizvo. Ndinogona... Pane rima pasi apo. Pane chiedza kuno *uku*. Handioni.

²¹¹ Asi tarisai pano apa, ndiri kuedza kukuudzai, kuti, kana simba iri rokumuka rauya mamuri, ndiJesu Kristu. Jesu paAkaisa maoko aKe pamusoro pavairwara, vakapora.

²¹² Jesu paaiva nesimba rokumuka richiMumutsa, soMunhu, Aikwanisa kutarisa oziva pfungwa dzaiva muvanhu, ovaudza zvavaifunga, nezvavakaita. Akavafuratira, ovaudza, “Munopokanireiko mumwoyo yenyu?” Mudzimai akabata hanzu yaKe, Akati, “Ndiani aNdibata?” Akatarisa ndokumuona, akati, “Ndanzwa kuti simba rabuda maNdiri. Kutenda kwako kwakuporesa.” NdiJesu Kristu uyu. Izvi zvinoratidza kuti chechi iri papi, uye kuti simba chairo rokumuka raMwari rinoitei kumunhu. Munozvitenda here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

Ngatikotamisei misoro yedu kwekanguva.

²¹³ Mwari wedu, tarwa naSatani masikati ano, pamaikorofoni idzi, tichiziva kuti zvichida vanhu havana kuwana hafu yazvo, nokuda kwamaungira...anga achiitika mumba muno. Asi ndinonamata, Mwari, kuti Mweya Mutsvene uchaita zvanga zvakafanira kuitwa, Ishe, kuti vanhu vaone kuti hatisi boka rakafa rinoita zvinhu zvokufungidzira. Mwari, tiri vapenyu zvino, tichimutswa nesimba rokumuka raKristu. Jesu Kristu anorarama matiri. Tinotenda izvozvo, Ishe.

214 Hatina kubwinya kwedu pachedu. SapaGomo roKushanduka, apo mumwe nomumwe wedu anomiririrwa; paiva naMosesi, achimiririra vanofa nokumuka zvakare; paiva naEria, achimiririra vatsvene vachabvutwa pazuva rokupedzisira. O-o, vakaona zvino, pavakacheuka, vakaona Jesu bedzi. Tinoziva, Ishe, hatidi kuti vanhu vaone isu. Hatisi pano nokuda kwechinangwa ichocho. Ngazvirege kudaro!

215 Asi, Ishe, zvinofadza mwoyo yedu kana tichiona Jesu achirumbidzwa pakati pedu; kana tichiMuona achirumbidzwa, patinoona Shoko raKe, Iye Ari Shoko; tichiona kuti tinokwanisa kuzviverenga pano muBhaibheri, paAkavimbisa kuti Achazviita, zvino tomuona Achizviita nomatiri, O Mwari, zvinotiita kuti tizvininipise zvakadini, kuziva kuti Hupo hwaKe hunorarama. . .

216 Hatina chatakajoina nacho kana chinhu chatinotsvaka. Tinongotenda, Ishe, kuUpenyu Usingaperi. Uye makatisimbisamo nokubhabhatidza kwoMweya Mutsvene, mukamutsa mitumbi yedu, mukamutsa mweya yedu, mukatimutsa kuti tione zviratidzo, nokuprofita, nokutaura nendimi, tichiona zviratidzo zvikuru nezvishamiso zvichiitika. Nokuda kwei, ndiMwari anorarama. Tiri muMutumbi iwoyu. Apo, kunyika, huri hupenzi kuna vanoparara; asi kwatiri vanotenda, isimba raMwari, kuUpenyu Usingaperi. TinoKutendai nokuda kwazvo, Baba.

217 Zvino ngazvizikanwe nhasi, Ishe, kuti Muri Mwari, kuti haMuna kumboshandura pfungwa dzeNyu paShoko rimwe zvaro raMakambotaura. Uye Muri mumwe chete zuro, nanhasi, nokusingaperi, uye nzi—nzira imwe chete yakapiwa naMwari. Munhu bedzi Mwari waakaisa Zita raKe maari, aiva Mwanakomana waKe pachaKe Akatakura Zita raKe, Jesu; Mwari, Jehovha, Muponesi, Emmanueri, Mukova kudanga ramakwai; Uyo Aivapo, AriPo, naAchazoUya; Mudzi neBukira, zvose neAchazoUya; Mudzi neBukira raDhavhidhi, Nyeredzi yaMangwanani, Ruva roMumupata. O Mwari, zvinoshamisa sei! Ndokusaka Isaya akati, “Gota, Muchinda woRugare, Mwari samasimba, Baba voKusingaperi.” O-o, hatina vamwe Baba asi Imi, Ishe. Ndimi Baba vedu. Ndimi Amai vedu. Ndimi zvose zvatiri, zvose zvatingava. Hationi chimwe chinhu asi Jesu achihwinyiswa!

218 Baba, ndingadai ndaita zvisina kunaka, masikati ano, asi torai zviru mumwoyo mangu, mundinzwe, Mwari Anodiwa. Uye ngakutaurwe, nhasi, kuti Jesu Kristu ahwinyiswa muno mutemberi ino. Ngazviitwe, Baba, nokuti tinozvikumbara muZita raKe, uye ndimire nokuzvininipisa neungano ino, kuti tione Imi muchifamba muMweya weNyu. Amen.

219 Zvino ndinoda kuti mudiitire chinhu ichi chimwe. Ndinoda kukuvhunzai muvhunzo mumwe woga. Ndinoda

kuti mundipindure sokunge ndiyo nguva yokupedzisira yaungapindura munhu muopenyu hwako. Munotenda kuti ichi iChokwadi here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Munotenda here kuti hapana chechi kana dhinominesheni ringagamuchirwa muHupo hwaMwari? Munozvitenda here? [“Ameni.”] Hakuna kana rimwe. Avo chete vakaberekwa muna Jesu Kristu, vanотора Zita raKe! Ndizvozvo.

²²⁰ Unotora Zita raKe kana waberekerwa imomo, kwete nokubhabhatidzwa nemvura. Kunyangwe ungabhabhatidzwa muZita raKe, asi izvi hazvikupi Zita raKe. Unotora Zita raKe nokuberekwa, kwete nemvura. Maona, unobhabhatidzwa muZita raJesu Kristu, hongu, changamire, wopinda mukuyanana; asi unobhabhatidzwa noMweya Mutsvene, muna Jesu Kristu. Nokudaro ungabhabhatidzwa kazana, nenzira ipi yaungada, neimwe nzira, hazvina mutsauko. Asi kana wangobhabhatidzwa kamwe noMweya Mutsvene, muMutumbi waKristu, unova mwanakomana kana mwanasikana waMwari, uye, “Shoko rose ndereZvokwadi!” Uye, zvino, Akazviita nokuda kwechikonzero ichocho.

²²¹ Sezvandakataura rimwe zuva, Mwari paakaisa zuva pamusoro penyika, Aiziva kuti miti yose yepalm nezvimwe zvose zvaivapo pasi penyika. Iye...Zvaiva chikamu cheniyika panguva iyoyo, newevo.

²²² Zvino paAkamutsa Mwanakomana waMwari, mangwanani eEsita, akatumira Mweya Mutsvene, kuti umutse, zvakare, mbeu iyoyo yoUpenyu Usingaperi, yaAkafanoziva nyika isati yavapo, kuti yaizovapo. Aiziva kuti maikorofoni iyi yaizoita sezvayaita husiku huno. Aiziva kuti uchazova namaonero aunawo. Haana magumo. Haugoni kuzvifunga nepfungwa dzako, unofanira kuzvigamushira bedzi. Asi, regai nditaure chinhu ichi, Mwari mumwe chete iyeye akamira pano, masikati ano, murunako rwaKe.

²²³ Kunyangwe uri muMethodist, Baptist, Pentekosti, kana chipi zvacho chaungava, usavimba nesangano. Nokuti, haugoni kuva nesangano...Rakaumbwa nedzidziso zhinji dzakasiyana. Rakaumbwa...Unofanira kuzvimiririra woga, pana Mwari. Unofanira kuva munhu ari woga. Mwari anoshanda newe, kwete nechechi yako. Unofanira kurarama upenyu hwakanaka muchechi mako kana muungano yauri kunamata mairi, unofanira kurarama mhando yohupenyu hwaunofanira kurarama. Asi munoona, vanoita bumbiro rezvitendwa, nezvimwe, zvokuti haungapindi pamisuvo yavo kana usingatendi izvozvo. Zvino Mwari angapindamo sei, iro Shoko raKe nguva dzose richiramba richiratidzwa?

²²⁴ Luther akaziva sei nezvorubhabhatidzo uye—uye kudzoreredzwa kwoMweya, ari muzuva iroro? Chimerwa chakanga chisati chakura zvakadaro. Kunyange Wesley haana

kuzviziva. Kunyange Pentekosti haizivi zviri kuitika nhasi. Chinhu chimwe chete, chinokura chichikusiya. Ndizvozvo. Zvakadaro muzvizvarwa zvose, uye zvicharamba zvichidaro.

²²⁵ Uye ndinogona kuzvitsigira, neBhaibheri, kuti chino chizvarwa chembeu yegorosi. Rangarirai, mushure morumutsiriro rukuru urwu... Hapana kuzombova nerimwe sangano rakamuka kubva pamazuva ePentekosti. Havakwanisi kudaro. Zvinobva muhura kuenda mumbeu, uye hapana chimwe mberi kwembeu. Ndicho chikonzero. Makore gumi namashanu... Kazhinji, makore matatu, vanobva vaita sangano parumutsiriro rwoga rwoga. Vhunza chere vezvenhoroono ipi zvayo. Asi hapana sangano mumashure meIzvi. Vakaedza kumutsa Latter-day Rain, asi makoona zvakaitika kwariri. Hazvigoneki. Rava gorosi zvino. Hongu, changamire. Hapasisina chichatakura. Yava mbeu chaiyo. Kristu wava pakati pavanhu vaKe. Munozvitenda here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

²²⁶ Ngatitange *pano*, pazasi. Handigoni kutangira kubva apa, sezvo makawanda kudaro. Vangani venyu vanotenda kuti ndiri muranda waKe? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Ivai nokutenda muna Mwari! Vangani vari *apo* vanozvitenda nenzira imwe chete, itii, “Ndinozvitenda nomwoyo wangu wose”? [“Ameni.”] Zvino dai Ishe Mwari vakatipa izvi, kuti muone simba rokumuka. Chimwe chinhu, chapupu chechokwadi, chinozvisimbisa.

²²⁷ Hongu, mumwe anokwanisa kuti, “O-o, *izvi* ndeIzvo, *izvi*, *izvo*.” Asi ngazvishande.

²²⁸ Zvino, hazvigoneki zvachose kuti ndizive chimwe chinhu pamusoro penyu. Munozviziva. Ndinoziva munhu mumwe, wandaona, ndiMufundisi Blair vakagara apo, vanobva kure kumabvazuva uko, ndinotenda kuti kuArkansas kana kumwevo ikoko. Ndivo chete muungano, vandaona vandinoziva. Zvino Mwari anoziva kuti ichi ichokwadi. Nokudaro chinofanira kuva chimwe chinhu chino...

²²⁹ Ndaona apo, mudzimai uyo akagara kumucheto uko, ane dambudziko pamweya raari kunamata pamusoro paro. Unotenda kuti Mwari anopedza dambudziko rapamweya raunaro, oita kuti zvinake here? Zvakanaka, zvigamuchire.

²³⁰ Isa ruoko rwako pamusoro pomudzimai akagara pedyo newe, nokuti ane mudumbu munomurwadza maari kunamatira, zvakare. Hongu. Ndizvo here, hanzvadzi? Simudza ruoko rwako kana chiri chokwadi. Handikuzivi, handisati ndambokuona muupenyu hwangu. Vasikana vaviri vechitema.

²³¹ Zvino, chii icho? Handizvo here chaizvo zvaAkati Achaita? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Ndizvo chaizvo.

²³² Pano mudzimai pano akagara, akatarisa pasi; akagara, akandatarisa. Ane chirwere chomwoyo. Unotenda here kuti Mwari anopodza chirwere chomwoyo? Wanga wakagara ipapo

uchinamata kuti, “Ndinoshuva kuti dai ndasvikapo.” Ndizvo here? Ninira ruoko rwako seizvi, ndizvozvo. Ndaziva sei zvawanga uchitaura mumunamato wako?

Maona, tendai chete. Ndizvo zvoga zvamunofanira kuita, kutenda.

²³³ Pano pakagara mudzimai pano angafa nguva ipi zvayo kana akasapodzwa. Ane kenza. Unotenda here kuti Mwari anopodzwa kenza? Hongu. Unozvitenda here? Ona, nokuda kokuti wanonoka kusimudza ruoko rwako, unotenda here kuti Mwari angandiudza kuti ndiwe ani? Muzvare Gunn. Zvino, kana zviri izvo, ninira ruoko rwako seizvi, maona. Zvakanaka. Enda kumba, Jesu Kristu achakuporesa.

“Kana mukatenda, zvinhu zvose zvinokwanisika.”

²³⁴ Zvabata mudzimai uyu akagara apa ane heti pfumbu, akanditarisa. Naiyevo ane kenza. Unotenda here kuti Mwari anokupodzwa? Unozvitenda nomwoyo wako wose here? Ndiri kutaura kuna Mai Miller. Munozvitenda izvozvo here? Handizivi mudzimai uyu, handisati ndambomuona muupenyu hwangu, uye Mwari ari kuDenga anoziva kuti ndizvo. Amenii.

“Kana ukatenda!”

²³⁵ Pano pane mudzimai wechitema akagara kumucheto uko, anga akaisa musoro wake pasi. Anga achifunga, ari kufunga nezvomudikanwa wake, mumwe munhu waari kunamatira. Auya, chaizvo, kuzonamata . . . kuti azonamatirwa. Kwete haazi pano, murume wake. Ndizvozvo. Mudzimai. . . Murume haasi pano. Ari kumusha. Akaoparetwa, haana here? Ndizvozvo. Ainetseka nechirwere chetsinga dzomuminho, nezvimwevo. Ichi ichokwadi, handizvo here? Achapora. Kutenda kwako kwanga kwakasimba pane izvi. Unotenda kuti izvi ichokwadi here? Amenii.

²³⁶ Hamuoni here kuti Jesu Kristu mumwe chete zuro, nanhasi, nokusingaperi? Vhunzai vanhu ava. Zvapfuura nomukati meungano. Munotenda kuti Ari pano here? Munorinzwa here simba rokumuka iri mamuri? Zvakanaka, ndiye Mwari anoita kuti mupore, shamwari dzangu. Munozvitenda here? [Ungano inoti, “Amenii.”—Mupepeti.]

²³⁷ Zvino mungandiitiravo here chinhu ichi? Uye, vangani vari muno vanorwara, simudzai maoko enyu. Zvino faifi dzava kuda kuchaya. Isai maoko enyu mumwe pamusoro pomumwe, uye ngati. . . Pasawana chamunotaura zvino, isanai maoko pano mumwe—mumwe nomumwe. Ndinoda kuti muite chimwe chinhu.

²³⁸ Murume, akagara kumashure uko, ane bundu pamusana pake. Munotenda here kuti Mwari anobvisa bundu iro pamusana penyu, changamire? Munotenda here kuti Mwari ano kupodzai? Mujaya, wakanditarisa, wanga uchifunga kuti achapfuurwa.

Simudzai ruoko rwenyu, changamire. Zvakanaka. Munotenda nomwoyo wenyu wose here, kuti Mwari anozvibvisa izvi pamuri.

²³⁹ Hareruya! Ndinodenha ungoro iyi yose, muZita raJesu Kristu! Kana muchikwanisa, kana... Hana dzenyu, ngadzirege kuvharwa nokusatenda, ngadzisashushikana. Hamuoni here Mwanakomana womunhu, Mwanakomana womunhu muchimiro cheMharidzo yomuprofitu, achidzoka zvakare muChechi yaKe, muchiprofitu, achiratidza Jesu Kristu mumwe chete zuro, nanhasi, nokusingaperi? Hazvina kumboitwa mune zvimwe zvizvarwa, kusvika panguva ino. Maona? Ndiko kusimbiswa kwazvo.

²⁴⁰ Chechi chii? Unopinda sei maIri? Kana wava imomo, zvose zvaiva Jesu Kristu, ndizvo zvauri, kunyange kuva mwanakomana kana mwanasikana waMwari. Anova iwe kuti iwe uve Iye.

²⁴¹ Chiripo ndeichi, unotywa kuzvishandisa, kana kuti hausi kuwirirana neShoko raKe. Zvino, hazvikunakiri chose, uye ha—handinei kuti unoitei. Kana usingauyi zvizere muShoko irori, hazvifi zvakashanda. Ndiani angandipomera mhosva pachinhu chaAkataura akavimbisa muzuva rino, chikasaitika? Nokudaro usakandira dhinominesheni rako kwandiri, nokuti harishandi.

²⁴² Hareruya! Ndinonzwa, ndinoziva kuti Ari pano. Ndinobvuma zvakanaka kuti Ari pano. Ndinoziva kuti zvino pava nesimba rakakwana rokumuka muChechi rokupodza munhu wose akagara muno. Munozvitenda here? Zvakanaka, zvino, zvitendeika?

²⁴³ Munotenda here mukunamatirwa kwavanorwara? Munotenda here kuti Jesu akati, “Vachaisa maoko pamusoro pavanorwara, vakapora”? Zvakanaka, isai maoko enyu pamusoro pomumwe nomumwe zvino. Usazvinamatira. Namatira munhu ari pedo newe. Ivo vari kukunamatira. Zvino zvinoyoro-nyoro nokuremekedza.

²⁴⁴ Ishe, ndinoKutendai sei, kukwanisa kumira papurupeti pano uye—uye ndaparidza Shoko rinopesana chose namafungiro avanhu nhasi, kusvikira vangaRiti “rakatsauka,” vangaRidana kuti “zvamavikiro,” vangaRidana kuti “mweya wakaipa,” sezvavakaita, pavakati, “Bheerizebhuri.” Asi kuKuonai pakati peunganano ino huru, masikati ano, kuuya kuzosimbisa nokuratidza chaizvo zvaparidzwa, kuti Ichi iChokwadi.

²⁴⁵ Mwari, ava vanhu veNyu, Wa—Wakaipa aedza kukanganisa mamaikorofoni, aedza kukanganisa pfungwa dzavanhu, aedza kuvadzivisa kuti vasaZvinzwisisa. Asi ndinotenda kuti vachaZvinzwisisa, zvakadaro, Ishe. Ndinovakumbirira kuti vaZvinzwisisa. Ndinovakumbirira kuti vaZvigashire. Ngazviitwe, Ishe, kuvatendi ava vane simba rokumuka, kuti pava...kutivakasarama kusvika pakuUya kweNyu, simba rokumuka iro rivamutse pamazuva okupedzisira.

246 Ngazviitwe zvino kuti simba rokumuka rimutse kutenda kwavo, Ishe, kune zvavari kuita. Mutendi aisa ruoko pamusoro pomumwe mutendi, mutumbi kumutumbi, simba kusimba. Zvino isimba raMwari, nomwanakomana kana mwanasikana waMwari, noMwanakomana waMwari. O Mwari, Satani ngaaregedze vanhu ava! Ngavapodzwe masikati ano, nokumuka, nesimba rokumuka roHupo hwaratidzwa, Jesu Kristu. MuZita raJesu Kristu, ngazvive saizvozvo!

247 Maoko enyu pamusoro pavanhu aisa simba rokumuka mavari, kana makamutswa. Wauya kuUpenyu here? Kristu ava wechokwadi kwauri here? Simba raMwari raratidzwa here? Uri muChechi iyo here, Chechi yakapiwa naMwari? Unopinda maIri sei, unoziva sei kuti wamutswa maIri? Pfungwa dzako dzose, hunhu hwako hwose, huri muna Kristu zvino. Uye Kristu ari pakati pavanhu, achiZvisimbisa kuti mupenyu, achisimbisa kuti ari pano mumazuva eSodhoma.

248 Namaoko awa pamusoro pavanhu, hupenyu hwavo hwashandurwa kubva kuvanhu vasina kunaka, kubva kuzvidhakwa, kubva kuzvipfeve zvomumugwagwa, kuva vatsvene chaivo vaMwari, vakamutswa. Maoko avo ari pamusoro penyu. Vari muChechi, nokubhabhatidza koMweya Mutsvene, simba rimwe chete raiva pamapfupa aEria. Simba rimwe chete iroro pamafudzi ako, pamaoko ako, pamisoro yenyu, simba rimwe chete rokumuka iroro; naIye amire pano achisimbisa kuti Akamuka kubva kuvakafa, achiZviratidza kuti Mupenyu, pano zvino achiita zvinhu zvimwe chete zvaAkaita paAiva...? ... Amen!

249 Munotenda here zvino? Munotenda here kuti maoko ayo aiswa pamusoro penyu maoko matsvene, munotenda here kuti Mweya uyu uri kutimutswa zvino, uchikonzera kuti tiite semipengo kunyika, munotenda here kuti isimba raKe rokumuka? Munotenda here kuti muri muChechi yaKe? Zvino, kana muri, uye muchitenda kuti maoko awo ari pamusoro penyu maoko matsvene, akarairwa naMwari; zvino ndinokurairai, muZita raJesu Kristu, kuti musimuke netsoka dzenyu mogashira kupodzwa kwenyu, munhu wose anga achirwara. [Hama Branham vanombomira—Mupepeti.]

O-o, muKristu, waona here zvaitika?

250 Unoona here, kunze mumigwagwa iwo mamoriyoni avanhu vari kufamba mumigwagwa, nhasi, havazi chinhu panyika asi huswa hwamabhambu? Munooona here kuti vanhu ava vakafa muzvivi nomukudarika, uye upenyu hwavo hwasviba; mumachechi kwose kwose, nokuda kwedzidziso shoma kana imwe nyaya pamusoro pokuchengeta chimwe chinhu, kwava kuti ndiko kunamata.

251 Munocherechedza here kuti makamutswa kubva murufu kuenda muUpenyu, uye kuti makabhabhatidzwa muMutumbi

waMwari mupenyu wakamutsa mutumbi wako, apo panotaurwa nendimi nokududzira ndimi, tichiona Jesu Kristu achiratidzwa pakati pedu? Zvino, zvirwere hazvigoni kumira muboka rakaita seriri. Rega kutenda kwako kuende kwaAri, Mutende! Iti, “Ishe Mwari, ndinotenda nomwoyo wangu wose,” uchapodzwa.

²⁵² Varipo here vatadzi pano vanoda kuuya muMutumbi uyu? Simudzai maoko enyu, muti, “Handisati ndambouya maUri, handisati ndambozadzwa noMweya Mutsvene, asi, Hama Branham, ndinoUda masikati ano. Mungandinamatiravo here?” Simudza ruoko rwako. Usanyara, uri muHupo hwaKe. Dotarisai maoko awa! Tarisai maoko awa!

²⁵³ Zvino munhu wose anoda kubhabhatidzwa noMweya Mutsvene, simudza ruoko rwako, kwose kwauri, kana uchiUda.

²⁵⁴ Zvino imi vano Mweya Mutsvene, mumire pedo navo, isai maoko enyu matsvene, akacheneswa pamusoro pavo. “Kana Mweya Mutsvene, wakamutsa Jesu kubva kuvakafa, uchigara mamuri, uchamutsa mitumbi yenyu inofa, kubva murufu kuenda muUpenyu.” Zvinoisa mutumbi wose pasi poMweya. Zvino ngatikotamise misoro yedu, zvino munhu wose anamatire vanhu ava vanoda kuzadzwa noMweya Mutsvene. Uye ndinotenda kuti Mwari achazadza mumwe nomumwe wenyu, iko zvino, noMweya Mutsvene.

²⁵⁵ Takamirirei, shamwari? Muchanonoka, rimwe ramazuva ano. Ino ndiyo nguva. Musaramba makamira. Muri muno mutemberi mamunokwanisa kupedza husiku hwose muchinamata.

²⁵⁶ Mwari munodikanwa, ndinonamata kuti Mutumire Mweya Mutsvene zvakare, semhepo inovhuvhuta nesimba, izadze imba yose, shure kokuratidzwa kwakakwana muno, masikati ano, kuti Munorarama muri muvanhu. MuZita raJesu. Amen.



NZVIMBO YAKAPUWA NAMWARI YOKUNAMATIRA SHO65-0425
(God's Provided Place Of Worship)

Mharidzo iyi naWilliam Marrion Branham, yakaparidzwa muChirungu musi weSvondo masakati, 25 Kubvumbi, 1965, kuEmbassy Auditorium muLos Angeles, California, U.S.A. yakatorwa kubva patepi ikanyorwa nokudhindiswa muChirungu isina kushandurwa (kukamurwa). Kududzirwa muShona uku kwakadhindiswa muna 1994 ne Voice Of God Recordings.

SHONA

©1994 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org